ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (23.454) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэгъэхьэн Уэщхьун Тимур Хьусен и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылькумрэ я Іуэхуэзмкіэ и министрыр.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№31-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я пащІэтыныжмкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №176-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я пащІэтыныжмкІэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм я пащІэтыныжмкІэ и комиссэм хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №176-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Емкъуж А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шинагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарыр

Макитов М. Б. - Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр

Расторгуевэ С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэушшагъэр хъумэныжмкІэ и министрыр;

б) Комиссэм и унафэщІым и кІуэдзэм и кІалэнхэр и пщэ илъхьэн Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм;

в) Комиссэм хэхъэхэжьыкІ Ешыгуауэ Р. Ш., Сокъур О. Хь., Лъеиншэ М. Хь., Шэт И. М. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 9-м
№34-УГ

● Къэрал Іуэхущапіэхэм

Мылъку хухах

Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм иришыІІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, 2017 гъэм къэрал бюджетым щыщ субсидиеу сом мелуани 160-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хухахащ. Ар трагъэкІуэдэнущ «Зэрэгъыж» автотурист кластерым и псэуалъэхэр ухуэным.

«2011 - 2018 гъэхэм Урысей федерацэм къэрал кІуэцІ туризмэмрэ турист гъэзугущІэхэмрэ зэрызыщаужьыныр» федеральнэ программэ хэхам тету мы проектыр ягъэзащІэ. Автотурист кластерым и объект 9-р зэтегъэувэным псори зэхэту сом меларди 3-м щІигъу хуоз.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм Іэщым къит гъэшыр нэхъыбэ щІыным трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ я хьэкъкІэ субсидиехэр етныныжмкІэ Хабзэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мазаем и 17-м Налшык къалэ №16-ПП

«Іэщым къит гъэшыр нэхъыбэ щІыным трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм субсидиехэр зэрызухуатІыпщымрэ ахэр зэрытрагуашэмкІэ Хабзэхэр къэщтэным, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и языныкъуэ унафэхэм къару ямыІэжу къэлыытэным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2017 гъэм щыщыІэм и 23-м къыдигъэкІа унафэ №50-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм Іэщым къит гъэшыр нэхъыбэ щІыным трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ я хьэкъкІэ субсидиехэр етныныжмкІэ Хабзэхэр къэщтэн.

2. Къару ямыІэжу къэлыытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм яща е елэжьыну къаІэрыхьа гъэш зы килограмм къэс трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэ хуапшыныжьын папщІэ федеральнэ бюджетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ я хьэкъкІэ субсидиехэр зэрыхуаутІыпщ Хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м №73-ПП-м щІэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Налшык

ГъэзугущІэ ухуэн щІадзэ

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм гъатхэпэм и 10-м щытепсэлъыхьащ Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым хиубыдэу телъ гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэ лъэмыж ныкъуэкъутэр зэпкърыхыныжмрэ абы адэкІэ кІуэ гъущІ гъуэгур техныныжмрэ епха лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫМ журналистхэм я упщІэхэм жэуап щратащ Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен**, КъБР-м ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ, гъуэгу ІэнатІэмкІэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** сымэ.

- 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 28-м Урысейм Транспортымкіэ и министерствэм унафэ кІэщтащ «Налшык-20» гъущІ гъуэгур зэхуэщІыным. «Гидрометаллург» ОАО-р зэрагъэІэпхъуэнум ехьэлІауэ унафэр къащта нэужь «РЖД» Іуэхущапіэм ар къыщыхилъхьар. Лэжьэжьыртэкъым лъэхъеІ ерыскъыгъуэхэм щелэжь комбинатри Іэфыкіэ щащІ фабрикэри. ГъэущІ гъэгур къыгъэсэбэжьрыкъым Волыт лъагэ Іэмэпсымэ къыщІэзыгъэкІ заводми, - жиІащ Алэкъей Арсен. - Зи гугъу тщІы гъущІ гъэгур 1975 гъэм яухуауэ щытащ икІи абы лъандэрэ зэи тэмэму елэжьакъым зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ. Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм абдеж къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр щэнейр - 2014, 2016, 2017 гъэхэм - щрагъэкІуэкІащ. Къапщтэмэ, 2014 гъэм къалъытат ар иджырей мардзхэм къемызэгъыу, иужьрейм къигъэлъэгъуащ а гъуэгухэмрэ лъэмыжымрэ къэбгъэсэбэпныныр зэрышынагъуэр. А псом къыхэкІыу, гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэр зэпкърахыу, абы и пІэкІэ автомобиль гъэгущІэ яухуэн хуейуэ унафэ къащтащ, - жиІащ абы.

Алэкъейм къыхигъэщащ шыщхьэуІуэм и 1 пщІондэ Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым зэрытехьэ гъуэгур къыззрызэгъахьыжнур, гъуэгущІэр мы гъэм крупубыдэу яухуэну зэрытрауХуэр. Лэжьыгъэхэр екІуэкІыху, кьалэм дэт транспортыр зэрызекІуэну щыкІэр ягъэбелджылад, апхуэдэуи и пІалъэм нэхърэ нэхъ пасэу - мазаем - Кировым, Щорсым, Эльбрусскэм, Комаровым, Тырныауз, Калюжнэм я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм гъэгугухэр зыхуей щыхуагъэзэным яужь ихьащ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей Арсен къыщыпсалъэм ихьыгъэщащ иджырей мардзхэм тету Налшык къалэм щаухуэну гъэзугущІэм метр 1700-рэ и кІыхьагъыу зэрыщытынур. «Абы къыщынэмыщІауэ, Калюжнэ уэрамыр, метр 1600-рэ и кІыхьагъ къыззэщІнубыдэу, зэрегъэпэщцыжынущ. ФІыщІэ яхуэсщІынут хъэрычэтыщІэхэм, сыту жыпІэмэ сыт и лъэныкъуэкІи абыхэм ди Іуэхур къыддаІыгъащ, уеблэмэ гъэзугущІэр духуэфын папщІэ я уней щІы Іыхьэм щыщ къыдаташ», - жиІащ Къудейм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Щыуэпс

ЩІыпІэ дахэхэм къыщрашэкІ

2017 гъэр ЩІыуэпсым и илъэсу ягъэуващ. АтІэ, абы дауэ хуэхъуэрэ ди щІыналъэм и зыгъэпсэхупІэхэр? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэгуэр къэрал псом щыщІэрыІуэу щыта ди санаторэхэм ящыщу иджыпсту лажьэр мащІэ дыдэщ. Адрейхэр щытщ, унафэ пыухыкІа трамыщІыхьауэ.

«МАЯК» санаторэр нобэ нэхъ ефІакІуэхэм ящыщщ. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ абы къыщыщІэуахащ зигу операцэ ящІахэм я узынщагъэм щыкІэлъыплъ икІи щрагъэфІакІуэ къудамэ. Дунейпсо мардзхэм тету лажьэ ООО-м иужьрей илъэси 4-5-м къриубыдэу КЪР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІа саугъэтхэр зыбжанэрэ къыхуагъэсфэщащ.

Нобэ ІэмэпсымэхэмкІэ екІуу къызэгъэпэща пэшхэм щІэт унэльащІэхэр хэплъыхьащ, цІыху къэс и гукъыдэжьыр къызэрагъэпытыным тещІыхьауэ зэпымыІухащ. ЩІыпІэ Іэджэм къикІыу къэзухэкІуэ зыгъэпсэхуакІуэхэм псом хуэмыдэу ягу ирохь мыбы щагъэхьэзыр лъэпкъ щхьныгъуэхэр. КъищынэмыщІауэ, хьащІэхэр ди республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм къыщрашэкІ. Адыгинизмэм дихьэх зыгъэпсэхуакІуэхэр щхьэхуэу Іуащхьэмахуэ лъапэ и лыжэ къежэхьапІэм ящэ.

Медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм ящІыгъуж зэрелэзэ ятІэхэмрэ псы хущхьуэхэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Ди къуэш республикэхэм

Гъатхасэр йокІуэкІ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм гъатхасэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Иджыпстукіэ ахэр гектар 1200-м щыІэфІагъэкІащ. Абы щыщу гектар 1000-м трасащ зэнтхъ, джэш щхъуантІэ, илъэс кУэдкІэ къэкІ удэхэкІхэр.***

МЫ ГЪЭМ мэкъумэш Іуэхущапіэхэм гъатхасэу ящІэнущ гектар мини 123,2-рэ. Абы щыщу гектар мин 49,6-м гъавзхэкІхэр тращІэнущ. КІэрТІофымрэ хадэхэкІхэмрэ хухахащ гектар мин 1,05-рэ, гектар мин 0,55-р хущхъуэгъуэ зыхэлъ къэкІыгъэхэм яубыдынущ.

Къыхэдгъэщынщи, Адыгейм бжьыхьэсэу гектар мин 93,7-рэ иІэщ. Абы щыщу гектар мин 75,4-м гуэдз хасащ.

Черкесск зегъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Гъатхэпэм и 18-м Черкесск щагъэлъэпІэнущ Кърымыр Урысейм къызэрыхьыхьэжрэ илъэсищ зэрырикъур.***

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэм ящыщ цІыху минхэр республикэм и щыхьэрым и уэрам нэхъыщхьэм ирикІэнущ зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ урысей ныпыр яІыгъуу. Черкесск и зыгъэпсэхуакІэ «ХытІыгу щхъунтІэ» паркым Іуэхум щыпашэнущ. Абы щекІуэкІынущ концерт, щІалэгъуалэ зэхьхьэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.



♦Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Тюленым и шырыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Беларусь Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ. Ар 1994 гъэм Белоруссием и Совет Нэхъыщхьэм ящІащ.

♦1892 гъэм Инджылызым щыщ хьэрычэтыщІэ Холдинг Джон «Ливерпуль» футбол командэр къызэрыгъэпэщащ.

♦1917 гъэм ПІалъэкІэ щыІэ Правительствэм и орган Тэрч къыщызэрагъэпэщащ.

♦1927 гъэм ДнепроГЭС-р ухуэн щІадзащ.

♦1938 гъэм Сауд Хьэрыпым и щІыналъэм щІыдагъэ япэу къыщыгъуэтащ.

♦1939 гъэм нацист Германием Чехословакиер иубыдащ.

♦1946 гъэм СССР-м хьихьэ республикэхэм я ЦІыхубэ Комиссархэм я советхэр Министрхэм я Совет жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦1990 гъэм Горбачёв Михаил СССР-м и Президент кІулыкъым пэрыуващ, къэралым и цІыхубэм хъэлэлу яхуэзмкъэну тхъэ зэриІуэм теухуа дауэдапщэр екІуэкІащ.

♦Адыгэхэм я цІыхубэ лІыхъужь Кьыльыш СультІанДжэрий къызэралъхуэрэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Адыгей драматург, актрисэ, критик Натхъуэ Долэтхъан къызэралъхуэрэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Хэку зауэшхуэм хэта, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр (тІэунейрэ) зыхуагъэфэща **Бондарев Юрий** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокъу. «Освобождение» киноэпопее цІэрыІуэм и сценарийр зытхауэ щытар аращ.

♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Станиславскэм и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр (тІэунейрэ) зрата **Самойлов Владимир** къызэралъхуэрэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Физик цІэрыІуэ, академик, Нобель и саугъэтым и лауреат, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтэхэр зрата, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Алфёров Жорес** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Иорданием и профсоюз лэжьакІуэу щыта, Амман дэт Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхъмадзу лэжьа, Хьэшимит къэралыгъэм и сенатор **Кьардэн Самир** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Распутин Валентин** къызэралъхуэрэ илъэс 80 ирокъу.

♦Урысейм Псым хэлъэныкІэ и Федерацэм и вицепрезидент, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион **Саутин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

● Дыгъуасэ

КъБКъУ-м и Адыгэ къудамэм и махуэ

КъБКъУ-м Темыркъан Хьэту и цІэр зезыхьэ и щэнхабзэ центрым щагъэлъэпІащ университетым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и кафедрэм и къыззырызэрагъэпэщрэ илъэс 85-рэ зэрырикъумрэ Адыгэ тхыбзэм и махуэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ къыщыпсэльащ КъБКъУ-м и ректор, профессор **Альтуд Юрий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент **Сэхьурокъуэ Хьэутий**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэ, зэдзэкІакІуэ, юрист **Хьуажь Фахьри**, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и кафедрэм я лэжьакІуэхэр, а къудамэр къэзыухахэр, абы и студентхэр, нэгъуэщІхэри.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ Іуэрыуатэмкіэ и кафедрэм и унафэщІ **ТІымыжь Хьэмыщэ** къызэхуэсахэм ягу кІиргъэкІыжащ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и кафедрэр къызэрыунэхуар, абы къызэпичА тхыдэ гъэзугуанэр.

Адыгэ щэнхабзэ центрыр, ЕгъэджакІуэхэм я Іэзэгъым щыхэгъахъуэ институтыр, Адыгэбзэ Хасэр, «Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэр я дэлэпыкъуэгъу КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и кафедрэм и къыщІэкІынущ иджыблагъэ къызэрагъэпэща «Тхыбзэ зэпеуэм» къыхэжаныкІахэр зэІущІэм щагъэлъэпІащ. Абыхэм хуагъэфэщащ щІыхь тхылъхэр.

Зэхьхьэр гукъинэжу екІуэкІащ. Абы теухуа тхыгъэ нэхъ зыубгъуауэ фыкъыщеджэ хуэунущ ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Хабзэр щытепщэ, бзэр щышэрыуэ

Сабийм и анэдэлъхубзэр Іурылъу, абы дихьэхыу, лъэпкъым и хабзэм, и тхыдэм и къулеягъым щыгъуазэу, ар фІэгъэщІэгъэну еджэныгъэм хэшэн, ар зэрырагъэдж Іэмалхэр егъэфІекІуэн мурадкІэ ирагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль зэпеуэм и къэпщытакІуэгъэ гупыр гъатхэпэм и 13-м еблэгъащ Шэджэм къалэ дэт езанэ курыт еджапІэм, «Дэбагъуэ Барэсбий Сыхьэт и къуэм и цІэр зезыхьэу предмет щхьэхуэхэр куууэ щрагъэджым».

КъАЛЭ дэлъэдапІэм дежь хьэщІэхэм гуапэу къащыІуущІащ щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и ЛІыкІуэхэр, районым щІэныгъэ щрагъэгъуэту и Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэр, адыгэ фащэ екІу зыщыгъ еджакІуэ цІыкІуэхэр, кьалэдзэ нэхъыжьхэр.

Адэкіэ хьэщІэхэр ирагъэблагъащ Нарт Хасэм и нэхъыжьыфІхэм. Псоми зэрыщІэщи, ялэ кьэсыр Хасэм хагъэхьэу щытакъым, Іэмал имыІэу зыгуэркІэ ягъэуанэхурт. Апхуэдэу къэпщытакІуэхэм упщІищ кратщ, и къэухьыр здынэсыр ягъэунэхури, къэпщытакІуэхэр Нарт Сосрыкъуэ и Іэмыщ1э ираІтьхьащ, курыт еджапІэм нигъэсыну.

Щыхэр зыщІэщІа тэшанкІэм ису школ пщІантІэм дыхьа хьэщІэхэм абыи гъэщІегъуэн куэд къащыпэплъэрт. НыбжьыщІэхэр псынщІэу гупсысэным, щэрыуагъэм хуэгъэпса джэгукІэхэм ягъэджэгуа, хагъэплъа нэужь, къъуэйплъыжькІэрыщІэ зэращІу щыта хабзэри къаргъэлъэгъуащ.

Телъыджэт адыгэ лъэпкъым и лІакъуэ пщыкІутІым теухуауэ ягъэхьэзыра тепщэгъуэри. Фащэ екІу зыщыгъ щІалэ пщыкІутІыр лъэпкъ къэс я лІыкІуэт, я кьэкІуэкІыкІар, щыпсэур, бзэм ирипсалъэхэр зыхуэдизыр жаІа нэужь, ахэр зэрызэкъуэтым, зэрызэрыІыгъым и нэщэнэу пхъэдзакІэмафІэ пщыкІутІ зэгъуэгу щІагъэнащ, зэрымыужьхьыхьыну и дамыгъэу.

Адэкіэ Іуэхум щыпащащ еджапІэм и кІуэцІым. Школым и пІуащІэ пэшым деж къыщызэрагъэпэщат еджакІуэ зэчиифІэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Хьэпшыпхэр кьапщтэу уеплъым и мызакъуэу, мыбдеж щыплъагъурт цІыкІуэхэм ахэр зэращІ щыкІэри. Адэкіэ къэпщытакІуэхэр щыхьэщІащ школ музейм, библиотекэм.

Мы махуэм хуагъэхьэзыраУэ дерс-зэІуха гъэщІэгъуэнхэр класс зэмылІэужьыгъуэхэм щрагъэкІуэкІащ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ ХьэІупщы Маринэ, пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэху Кьардэн Мадинэрэ Мэкъуауэ Ленэрэ.

ФІэщщыкІыгъуейщ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэху Кьардэн Мадинэрэ Кьардэн Олесярэ ягъэхьэзыра «Сэ си фащэр адыгэ фащэщ» классщІэ лэжьыгъэм еплъыну зи насып кърихьэкІа дэтхэнэ зыми ар щІэх щыгъупщэжыну. Пэшым щІэсхэр макъамэ щабэм зыщІишам хуэдэу, зы бзуэгъуэм тету екІуэкІащ а теплъэгъуэ хьэлэмэтыр.

Адыгэ хабзэм щІапІыкІ сабийхэм я дахагъыр, я бзэм и щэрыуагъыр, я къэухьым и куугъыр, Іуэрыуатэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр, утыку итыкІэ зэращІэр нэрылъагъу пщищІырт школым уэщщихьэлІэ дэтхэнэ зы еджакІуэми.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩхъэзыфІэфІ лъагъуГуейщ.

● Коллегиехэр

Къобэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкlэ и управленэм и коллегием и зэlущlэ гъатхэпэм и 10-м зэхэтащ. Абы щызэпкърахащ республикэм и къэрал ветеринар lэхъущlапlэм нэгъабэ зэфlигъэкlахэр, апхуэдэу мы гъэм нэхъыщхьэу къащъэщытхэр щагъэбеледжылащ.

Щытыкlэм тклийуэ кlэлъоплъ

lЭНАТlЭМ и унафэщl lэрэмысэ Аслъэн и пэублэ псалъэм и ужькlэ, КъБР-м и ял ипэ вице-премьер - мэхъу-мэш хозяйствэмкlэ министр Говоров Сергей кlэщlу къытеувыlащ иужьрей ильэсхэм къэралым lущ гъэхъуным нэрылъагъуу зэрызыщиужьым, ветеринар лэжьакlуэхэм я фlыщlэ куэд абы зэрыхэлъым.

- Іэщхэмрэ цыхухэмрэ уз зэрыщlалэхэм ящхьэмэным теухуауэ ветеринар lэхъущlапlэхэм къалэнышхуэ ягъэзащlэ, ерыскъыпхъэ, биологие шынагъуэншагъэ, эпизоотикэ щытыкlэ тэмэм къызэрэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащl. Ильэс кlуар къызэрыгуэкlыу щытахьым. Нэхьапэм зэи зэхамыхьа, иджыри къызэдэсым ямыцlыхуэ «нодуляр дерматит» уз зэрыщlалэмрэ кхъуэм къыхуэкlуэ африкэ емынэ узымрэ нэгъабэ республикэм къыпlэлэсати, абыхэм ЗхарзынэУ фапэпъэщащ. Псэущхьэхэмрэ цыхухэмрэ я зэхуэдэ узыфхэкр дэнэ щыпlи зэрыщыкъуэр къэтпльытэжэ, Іэщым и мызакъуэу, ди гъащlэмкlэ ветеринар дохутырыр жэуапакlуэщ. Ар фlыуэ къагурыlуэу, фи Іэщlагъэлlэкм нобэ лэжьыгъэшхуэ зэфlагъэкlри, дяпэкlэ нэхъри хагъэхъуэну дыщогугъ, - къиГъэлъэгъуащ япэ вице-премьерым.

Зытепсэлъыхьынухэр яГъэбелджыла нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщlым и къуэдзэ Акбулатов Зариф зэхуэсахэм яхуиlуэтащ къэрал ветеринар кlэлъыплъынымкlэ щыпlалъ къудамэм нэгъабэ зэфlигъэкlар. Абы зэрыжиlамкlэ, зи гугъу тщlы зэманым къэриубыдэу къэпщытэныгъэ-кlэлъыплъынымкlэ Іэхэугъуэу 204-рэ ирагъэкlуэкlащ. Республикэм къашэ, ираш псэущхьэхэмрэ Іэщхэкlхэмрэ зыхуэдэм кlэлъыплъу, ГИБДД- м и лэжьакlуэхэр я гъусэу, Іунапкъэхэм щагъэува цыэзобгъэкl пунктхэм, Іуэгуэхмрэ дэдэныхпlэхэмрэ щыпlльаращ, автотранспорт 780-рэ къапщытащ. Къэрал инспекторхэмрэ полицэм и участкэ уполномоченнэхэмрэ зэщlыгъуу, былымрэ Іэщхэкlрэ хуимыту щащэ щыпlпlэхэм рейдэр щагъэкlуэкlащ, административнэ къуаншагъэ зыгъэдэлъхьэм сом мини 153510-кlэ етхьэкъуащ.

- Ди управленэм и Іэщlагъэлlэкр, Урысейм Мэкъумэш кlэлъыплъынымкlэ и Іэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикхэм щиlэ къудамэм щыщхэр, ветеринариемкlэ район центрхэм я унафэщlхэр дызэгъусэу узым ихьа псэущхьэхэр щыщlатlэ, щагъэс щыпllэхэм я щытыкlэр кхэтпщытащ. Щыщlатlэ щыпllэ 62-м щыщу 5-р кхъухьакъым, 15-р уней лъапсэхэмрэ цыхухэм я щыlыхьэхэмрэ хуоэз. Бахъэ муниципальнэ щыпlалъэм псэущхьэ лlэхэр щагъэс и машэр зэхэкъутащ, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Май районхэм щыlэхэм узым ихьа псэущхьэхэр щыщэпкърах егъэзащlэпхэм куэджэхэмрэ бжэхэмрэ хэлъкъым, я щхьэхэр зэхуэщlакъым. Тэрч, Лэскэн, Шэджэм щыпlалъэхэм щаГъэс мащэхэр щыlэкъым. Къэщыгтэнигъэм кърикlуар зэхэтлъхьажри, абы теухуа хъыбарыр Правительствэм и Унафэщlым Іэрыдгъэхьащ, - къиГъэлъэгъуащ къэпсэлъэм.

Къэрал ветеринар кlэлъыплъынымкlэ Іэхуэщlапlэм лабораторэ диагностикэмкlэ и секторым и унафэщl Мэщыкъуэ Амырхъан зэрыжиlамкlэ, былымыл, къъуэл, мэлыл, бжэныл, тхьэкlумэкlыкlыхьыл, джэдкъазыл, бдзэжьей зэмылlэужьыгъуэу, нэгъуэщlу мелуанрэ мин 12-рэ 725-рэ ерыскъыу щапlэ бззэрэхэм санитар экспертизэ щащlащ, къэпщытэнигъэ 575193-рэ лабораторэхэм щрагъэкlуэкlащ. Абыхэм къарикlуахэр кууэ яджащ. Щытыкlэр зыхуэдэр «Веста», «Сиранэ» федеральнэ къэрал хъыбарегъащlэ системэм щызэкlэлъхьэ. Республикэм и Іэщlагъэлlэхэр абыхэм махуэ къэс кlэлъоплъ. «Сиранэ» ФГИС-м къыбгъэдэкlыу хъыбар 229-рэ нэгъабэ къаIэрыхьати, Іуэхур зэхагъэкlри, ерыскъыгъуи 148-рэ пщlалъэм къызэримыlыасэм теухуа тхыпхъэр Потребительскэ кlэлъыплъынымкlэ щыпlалъэ Іуэхуэщlапlэм иратащ, адрейхэм езыхэм зыхуэфащэ унафэ тращlыхьащ.

Къэрал ветеринар кlэлъыплъынымкlэ секторым и Іэщlагъэлlэхэр «Светловодскэ гъэш комбинат», «Напшык гъэш комбинат» ООО-хэм щрагъэкlуэкlа ветеринар-санитар экспертизэмрэ лабораторэ лэжьыгъэмрэ хэтащ, Евразие союзым хыхьэ къэралхэм зэрыщlэсым теухуа тхыпхъэр Потребительскэ кlэлъыплъынымкlэ щыпlалъэ Іуэхуэщlапlэм иратащ, адрейхэм езыхэм зыхуэфащэ унафэ тращlыхьащ.

Ерыскъыпхъэхэм я фlагъымрэ я шынагъуэншагъэмрэ къыдэлажьэ, былымым къахуэхуэ узыфэхэм зэрыжыщlахъуманпхъэм, зэрелъэзапхъэм зыубгъуауэ хьидогъэгъуаэз, - жиlащ Баттаев Аэрэталий. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэнатlэхэр и къэрал и Іэнатlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикхэм щиlэ къудамэм щыщхэр, ветеринариемкlэ район центрхэм я унафэщlхэр дызэгъусэу узым ихьа псэущхьэхэр щыщlатlэ, щагъэс щыпllэхэм я щытыкlэр кхэтпщытащ. Щыщlатlэ щыпllэ 62-м щыщу 5-р кхъухьакъым, 15-р уней лъапсэхэмрэ цыхухэм я щыlыхьэхэмрэ хуоэз. Бахъэ муниципальнэ щыпlалъэм псэущхьэ лlэхэр щагъэс и машэр зэхэкъутащ, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Май районхэм щыlэхэм узым ихьа псэущхьэхэр щыщэпкърах егъэзащlэпхэм куэджэхэмрэ бжэхэмрэ хэлъкъым, я щхьэхэр зэхуэщlакъым. Тэрч, Лэскэн, Шэджэм щыпlалъэхэм щаГъэс мащэхэр щыlэкъым. Къэщыгтэнигъэм кърикlуар зэхэтлъхьажри, абы теухуа хъыбарыр Правительствэм и Унафэщlым Іэрыдгъэхьащ, - къиГъэлъэгъуащ къэпсэлъэм.

ветеринариемкlэ я центру 9-м, ветеринарием и Аруан щыпlалъэ зэхуаку центрым я лэжьыгъэр зэзыгъэуlу ветеринар медицинэмрэ ерыскъыпхъэ щынагъэншагъэмкlэ республикэ лабораторэр я Іуэхуэщlапlэм хэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм Іэщым щыкlэпlъыплъ, щеIэзэ щыпllэу 48-рэ, ветеринар участкэу 79-рэ щыlэщ.

- Нэгъабэ къыптэщыта къалэнхэр и къэхъулэпlэ Іэщlагъэщlащ. Хозяйствэ лlэужьыгъуэ псоми пщlэкlэ Іэхэутхъэбзэ яхудощlэ, гъэ кlуам сом мелуан 13,4-рэ и уасэ яхуэзфlэдгъэкlащ. Лабораторэ, ветеринар Іэмэпсымэхэр, дезинфекцэ зэращl «Унигрин» яГъэIэпхъуэ установкэхэм хуэзэу плlы, щыпlалъэ къудамэхэм папщlэ компьютерибгъу, принтерхэр зыщlыгъу ноутбукыу тхущl, биологие кlэрыкъубжьэрыхуэхэр щагъэсыну хьакъуэр, автобус, нэгъуэщl дызыкуеиныуэр кхэтщэхуащ. Пщlэкlэ Іэхэутхъэбзэхэр зыхуэтщlэну хозяйстви 120-м зэгурыlуэнгъэхэр етщlыпlащ, Май къалэм, Аруан, Шэрэдж щыпlалъэхэм щыlэ ди хэщlапlэхэм къызэрыгъэкl ремонтхэр щэдгъэкlуэкlащ, Налшык къудамэмрэ Котляревскэ станицм и ветеринар щlэIэзэ участкэмрэ а лэжьыгъэхэр щокlуэкl, Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм мы гъэм щыщlадзэнущ. Хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэр къэдгъэсбэпурэ, цыхухэм жьыджэру дадолажьэ, былымым къахуэхуэ узыфэхэм зэрыжыщахъуманпхъэм, зэрелъэзапхъэм зыубгъуауэ хьидогъэгъуаэз, - жиlащ Баттаев Аэрэталий. - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэнатlэхэр и къэрал и Іэнатlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикхэм щиlэ къудамэм щыщхэр, ветеринариемкlэ район центрхэм я унафэщlхэр дызэгъусэу узым ихьа псэущхьэхэр щыщlатlэ, щагъэс щыпllэхэм я щытыкlэр кхэтпщытащ. Щыщlатlэ щыпllэ 62-м щыщу 5-р кхъухьакъым, 15-р уней лъапсэхэмрэ цыхухэм я щыlыхьэхэмрэ хуоэз. Бахъэ муниципальнэ щыпlалъэм псэущхьэ лlэхэр щагъэс и машэр зэхэкъутащ, Шэрэдж, Дзэлыкъуэ, Май районхэм щыlэхэм узым ихьа псэущхьэхэр щыщэпкърах егъэзащlэпхэм куэджэхэмрэ бжэхэмрэ хэлъкъым, я щхьэхэр зэхуэщlакъым. Тэрч, Лэскэн, Шэджэм щыпlалъэхэм щаГъэс мащэхэр щыlэкъым. Къэщыгтэнигъэм кърикlуар зэхэтлъхьажри, абы теухуа хъыбарыр Правительствэм и Унафэщlым Іэрыдгъэхьащ, - къиГъэлъэгъуащ къэпсэлъэм.

- Бруцеллёзым, хьэщхьэрыуэм, кхъуэм къыпкърыкlемынэ узым, нэгъуэщl уз зэрыщlалэхэм дазэрыпэщlэт щыкlэр едгъэфlкlуэн мурадкlэ, дезинфекцэмкlэ къудамэ къыздгъэпэщащ. Абы едгъэбыдлlащ ДУК установкитlрэ «Унигрин» яГъэIэпхъуэ Іэмэпсымищрэ. Метр зэбгъэзнатlэ мин 208,3-рэ зыубыд псэуалъэ 1537-м мы гъэм абыхэмкlэ делэжьащ.

Унагъуэ, губгъуэ псэущхьэ цыкlухэм кхъухэкlуэ емынэ узыр нэгъабэ лъандэрэ Куржым и щыпlалъэм щыщкlуэ. Ар къэтлъытэри, уз зэрыщlалэхэм япэщlэтынымкlэ республикэ комиссэм и си мычъэзэ зэлущlэ гъатхэпэ кlуам и 31-м зэхэтащ. Апхуэдэу узыфэ шынагъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпlалъэм къремыгъэхьэнымкlэ щхьэхэуэ лэжьыпхъэхэр къыкlэлъыкlуэ маззэм дгъэбеледжылауэ, гъунапкъэхэм щыlэ хозяйствэ лlэужьыгъуэ псоми я щытыкlэр махуэ къэс къыдопщытэ. Кхъуэм къеуалlэ африкэ емынэ узыр «Прохладнэ АПК» Меркурий» акционер обществэ зэхуэщlам нэгъабэ къыщыкъыьэти, КъБР-м и Іэтащхьэм и Унафэкlэ хозяйствэм мардэ пыухьа (карантин) щыдгъэуващ, ветеринар-санитар Іуэхуэгъуэ псори етщlэкlащ. Дыкlэлъыплъауэ зы былым Къущхьэхъум дгъэкlуэнкъым, абыкlэ хуит зыщl тхыльи 104-рэ хозяйствэхэм яхуэтхащ. Уэхэм я вирусым и зекlуэкlэр къэтхутэн мурадкlэ, федеральнэ ветеринар лабораторэхэм псэущхьэхэм я лъыр зыхуэдэр къыщыдопщытэ. Къапщтэмэ, Псэущхьэхэр хъумэныкlэ Урысейпсо щlэныгъэ-къэхутакlуэ институтым (Владимир къалэ) лъыпсхэм я пробэу 3987-рэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и референт центр» ФГБУ-м - 12750-рэ, Краснодар щыпlалъэ зэхуаку лаборато-рэм пробэ 1200-рэ еттащ, - къыхигъэщащ Къардэн Мухьэмэд.

Къэпсэлъахэм жаIахэмрэ кхъыхалъхьа Іуэхуэгъуэхэмрэ щыдзэпкърахьи упщlэ куэд кхъуваща. Ахэр теухуат цыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ я зэхуэдэ зэрыфэхэм зыщыдгъэхьмэным, Іэщхэкl, мэкъумэшхэкl продукцэхэм щынагъэншагъэр къызэрэпэщыным, ветеринар кlэлъыплъынымкlэ фlагъ хэлъу и чэзум егъэкlуэкlыным, былымым къеуалlэ узэхэр ди щыналъэм къремыгъэхьэным хуэунэтlауэ Іэгъэтlылъыпlэ зимыlэ къэзнэмрэ ахэр Іэзэщlэнымкlэ щыlэ хэкlыпlэхэмрэ. Абыхэм екъэлlауэ я Іуэху елтрыкlэхэр къаIуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщl Іэрэмысэ Аслъэн, республикэм и Парламентым мэкъумэш политикэмкlэ, экологиемкlэ, щыIуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щы зэхуэщытыкlэхэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ Мокаев Кемал, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщгъу Уянаевэ Аминат, коллегием хэтхэмрэ ирагъэблэгъа Іэщlагъэлlэхэмрэ.

Іэнатlэхэр нэхъ къэхуауэ зэдэлэжьэн щхьэкlэ, яПэ и къэрал и Іэнатlэм и Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщl Іэрэмысэ Аслъэн, республикэм и Парламентым мэкъумэш политикэмкlэ, экологиемкlэ, щыIуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щы зэхуэщытыкlэхэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ Мокаев Кемал, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщгъу Уянаевэ Аминат, коллегием хэтхэмрэ ирагъэблэгъа Іэщlагъэлlэхэмрэ.

Іэнатlэхэр нэхъ къэхуауэ зэдэлэжьэн щхьэкlэ, яПэ и къэрал и Іэнатlэм и Къэбэрдей-Балъкъэрым, ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщlхэр ягъэбелджыла нэужь, зытепсэлъыхьахэмрэ кхъыхалъхьа чэнджэщхэмрэ унафэкlэ я къащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Къэрал Іуэхуэщlапlэхэм

Къалэнышхуэ зыгъэзащlэ гуп

Илъэс къэс гъатхэпэм и 12-м ди къэралым щагъэлъапlэ Урысейм и уголовнэ-гъэзэщlакlуэ Іэнатlэм и лэжьакlуэм и махуэр. Абы езым и тхыдэ иIэжщ. Урысейм и пащтыхь Александр II 1879 гъэм гъатхэпэм и 12-м къыдигъэкlауэ щытащ лъэхъэщ департамент къызэгъэпэщынымкlэ унафэ икlи ар щlэдзапlэ хуэхъуащ Урысейм тезырхэр щегъэпшынынымкlэ къэрал Іуэхуэщlапlэу зэгъэзэгъуным.

УГОЛОВНЭ-гъэзэщlакlуэ Іэнатlэр (УИС) зэхъуэкlыныгъэ куэдым пхыкlащ. Ноби абы къыпэщытщ къалэнышхуэхэр. Псом япэу ар теухуащ уголовнэ хабзэр европей мардэм хуэгъэкlуэным, тутнакъэм къытрагъэзэжу щlэпхъаджагъэ ямыlэжьым, зэгуэр къыщlэхуам и хуитныгъэхэр ямыгъэмэщlэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым УИС-м и япэ Іуэхуэщlапlэхэр къащщызэуахащ 1920 гъэм. Иджы абы хохьэ Тезырхэр егъэпшынынымкlэ щыналъэ управленэмрэ и нэIэм щlэт федеральнэ кlэзонэ Іуэхуэщlапlэхэмрэ: щыхухъуэхэм тезырыр щапшныкъ (ИК-1, ИК-3), щыхубзхэр щаIыгъ (ИК-4), Налшык къалэ щыlэ следственнэ изоляторыр, КП-5-р, уголовнэ-гъэзэщlакlуэ инспекцэр, абы республикэм и районхэм щиlэ къудамэхэр.

Урысей ФСИН-м и Іуэхуэщlапlэу КъБР-м щыIэм щаIыгъщ яГъэкъуаншэу, шэч хуащlу, яГъэтIысауэ 2100-м щIигъу. Гупыльтэ хэха хуащl абыхэм драгъэкlуэкl гъэсэныгъэ лэжьыгъэм, ирагъэджэным, Іэщlагъэ иратным, хабзэр къащщызэпуд къэмыгъэхъуным.

УФСИН-р ядолажьэ дин Іуэхуэщlапlэхэм, Щыхум и хуитныгъэмкlэ уполномоченнэм, щыхубэ хъыбарегъащlэ Іэнатlэхэм, яГъэтIысахэм я адэ-анэхэм я коммитетхэм.

Адрей ильэсхэми хуэдэу, кхъыздогъэпэщ, «Бжэ зэIухар», спорт, макъамэ, литературэ зэпеуэхэмрэ пшыхьхэмрэ идогъэкlуэкl, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакlуэхэр кхыдошлlэ.

Апхуэдэу гъэсэныгъэмкlэ мыхьэнэшхуэ иIэщ тутнакъэхэм я лэжьыгъэр тэмэму кхъызэпэщыным. Урысейм и ФСИН-р хуиlущlу лэжьыгъэм зригъэубгъуну, тутнакъэр мы Іуэхуншэн, Іэщlагъэ зрагъэгъэтын хуэдэу. Псалъэм папщlэ, УИС-м нэгъабэ хигъэхуащ кхъилэжьым, диIэ хъуащ щхьэл цыкlу, хадзэкlэ гъэгъуаэр, Іусыпхъэ зэхэлъхэр, лыхэкlхэр щагъэхьэзэр, хабзэхъумэхэм я щыгъынхэр щагъ Іэнатlэхэр.

Дэ сыт щыгъуи ипэкlэ доплъэ, кхытпэщыт кхалэнхэр нэхъыфlу гъэзэщlа зэрыхъуным догупсыс. Ахъшэ къыдолэжь икlи ар ди Іуэхуэщlапlэхэр егъэфlэкlуэнным хьидолъхьэ. Зыпщlтэмэ, иджырей Іэмэпсымэхэр диIэ зэрыхъуам и фlыгъэкlэ дэ онлайн щытыкlэм иту долъагъу ди Іуэхуэщlапlэхэм щекlуэкlыр, ди лэжьакlуэхэм я кхалэныр зэрагъэзащlэр, тезырыр зыпшынхэм ящlэр. Хэхъуэ диIэмкlэ зыдохъуэкl жьы хъуа бжьамийхэр, шхапIэхэр, еджапIэхэр, клубхэр, щыжей, зыщlагъэпсэху пэшхэр зыхуей худогъаэз.

УФСИН-м и лэжьакlуэхэр хэхъьэзырщ я кхалэным, хабзэмрэ щынагъэншагъэмрэ я зрыбыдэным, уголовнэ-гъэзэщlакlуэ Іэнатlэм зрагъэуэжьыным.

Уголовнэ-гъэзэщlакlуэ Іэнатlэм и лэжьакlуэхэм я кхалэн икlи мурад нэхъыщхьэр тутнакъэщым исахэр гъащlэм хэзэгъэжьын хуэдэу яутIыпщыжьынырщ.

МЭРЖЭХЪУ Мухьэмэд,
Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщl, къэрал кlуэцl кlуалыкъуэм и полковник.

● Шэджэм щlынатъэ

ЦIыхубэ фронтыр мэлажьэ

Ди республикэм и щlынальэхэр зэщlэгъэкъэбзэным теухуа гъатхэ лэжьыгъэм пащэ.

ЦIыхубэ фронт зэгуэхэныгъэм (ОНФ) хэтхэм япэу къапщытащ «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум и Іэ щыпlкlэр. Шэджэм щlынальэм хуэзэу абы хьихьэ Іыхьэм лэжьыгъэ щокlуэкl. Ауэ нэгъуэщlу щlэпlпlагъур Белэ Речкэкlэ кlуэуэ дэзыгъэзэй гъуэгум и Іэгъуэблагъэхэм: пхъэнкlий идзыпlэхэм щlэх-цlэхыурэ урохьэлlэ, языныкъуэхэр иджыблагъэ къепща жьышхуэм ирикъухьапащ. Шэджэм псы Іуфэми нэхъ теплъэфl иIэкъым. Дэнэкlи пластик, абдж птулькlэхэр щылъщ. Абыхэм ящыщ куэдыр псым ирехьэх, жапIэхэр ягъэсеинкlэ шынагъуэу.

ОНФ-м хэтхэм я къэпщытэныгъэхэм кхърикlуахэм теухуауэ хъыбар ирагъэщlащ Шэджэм щlынальэр псыкlэ яхьэзэныгъэпэщ Іуэхуэщlапlэм. Абы къалэн щащlащ зэман кlэщlым кхъриубыдэу я щыпlпlэхэр зэрыкъэбзэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЩIэныгъэ

Хэхыныгъэм и хабзэхэм хагъэгъуазэ

Налшык и «Эдельвейс» клубым щекlуэкlащ Іэщэт хэхыныгъэхэр зэрекlуэкl хабзэхэм школакlуэхэр щыгъэгъуэзэным теухуа зэпеуэ.

НАЛШЫК къалэ администрацэм къызэригъэпэща мы Іуэхум щызэпеуащ гупищ: «Пашэхэр», «Налшык къалэ администрацэм и Щlалэгъуалэ совет», «Щlалэгъуалэм кхыхалъхьэ Іуэхуэхэр ядзэзыlыгъ фонд».

Псомэ егупуу зэпеуэхэм зэрызыхуагъэхьэзырар нэрылъагъут. Арщхьэкlэ «Щlалэгъуалэм кхыхалъхьэ Іуэхуэхэр ядзэзыlыгъ фондым» фlым и фlыжу зыкъригъэлъэгъуащ икlи бжьыпэр иубыдащ.

Зэхьэзэхуэм хэта гупхэм я пашэхэм ильэс псокlэ иратынущ «Урысей зэкъуэт» партым и Іэнэзэщlакlуэ комитетым и стипендие. Адрейхэми я гугъуехьэр кlуэдащхьым - псоми щlыхь тхьылъэр иратащ.

Мы Іуэхуэр кхызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щlалэгъуалэ Іуэхуэхэмкlэ и управленэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«Гуапагъэ налъэ»

● Зэпеуэ

«Ди къэкlуэнур» щlынальэ социальнэ программэхэмкlэ фондым хэIущlыIу ищlащ Урысейм социальнэ хъурычэт Іуэхум зыщыгъэуэжьыныкlэ фlыщlэ нэхъ ин зыбгъэдэльэм «Гуапагъэ налъэ» саугъэтыр етыным теухуа конкурсыр къызэрызэIуихыр. А саугъэтыр 2011 гъэм зэрыэувау щытащ икlи социальнэ хъурычэтыщlэхэм, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лЫкlуэхэм, къэрал Іуэхуэщlапlэхэмрэ ведомствэ щхьэхуэхэмрэ я унафэщlхэм, журналистхэм, цIыхубэ хъыбарегъащlэхэм, къэралым и еджапlэ нэхъыщхьэхэм ират мы къыкlэлъыкlуэ номинацэхэмкlэ:

«СОЦИАЛЬНЭ хьэрычэт лэжьыгъэм зегъэужьыным ещхькlэ куэд зэрыхищlыхьэм папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт Іуэхур пхыгъэкlыныкlэ пашэу зэрыщlытым папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм зегъэужьыныкlэ корпоратив программэ нэхъыфlым папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт Іуэхум зыщlэгъэкъуэнымкlэ щыналъэ программэ нэхъыфlым папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт Іуэхум зэкlэлъыкlуэу зэрызригъэужьым папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт Іуэхур щыхубэ хъыбарегъащlэ Іуэхуэщlапlэм нэхъыфlу къызэригъэлъагъуэм папщlэ»;

«Социальнэ хьэрычэт Іуэхум ехьэлlа егъэджныгъэ программэ нэхъыфlым папщlэ».

Текlуахэм 2017 гъэм псори зэхэту ираты саугъэтыр сом мелуани 2,4-рэ мэхъу.

Конкурсым хэтынухэм къабгъэдэкl заявкэхэр 2017 гъэм мазыкlыхьым и 9-м нэсыху ягъэхь http://impulsdobra.ru официальнэ сайтым.

Зэпеуэм щытекlуахэр 2017 гъэм накъыгъэм и 17-м Москва щагъэлъэпlэнущ.

«Гупагъэ налъэ» конкурсыр егъэкlуэкlыныкlэ дэIэпыкlуэгъущ УФ-м Федерацэмкlэ и Советыр, УФ-м и Къэрал Думэр, Стратегие жэрдэмэкlэ агентствэр, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэр, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэр, УФ-м и Жылагъуэ палатэр, Промышленникэмрэ хьэрычэтыщlэхэмрэ я урысей союзыр, УФ-м и Сату-промышленнэ палатэр, «Оборэ России» урысейпсо жылагъуэ зэгъэныгъэр, Москва и Правительствэр.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхуэщlапlэ.

Лесев Вадим

Узыншагъэр щIыуэпсым епхащ



Биттиев Хьэким

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемрэ биологиемкlэ и и факультетым иджыблагъэ къыщыIэзэрагъэпэща щIэныгъэ-практикэ конференцым и лэжьыгъэм хэтащ республикэм щIыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министр Биттиев Хьэким, КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкlэ, экологиемкlэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щы зэхуэщытыкlэхэмкlэ и комитетым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Эколого-биологие центрым и Іэтащхьэ Кольченко Алексей, Бгылъэ щIыпlэхэр джыныкlэ институтым и лаборатори и унафэщl Пхытlыкl Алим сымэ, егъэджакlуэхэр, студентхэр.

ЗэIУЩIэм къыщызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкlэ захуигъэзащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ Іуэхуэхэмкlэ и проректор **Лесев Вадим**.

- ЩIэныгъэ-практикэ конференц зыфIэтща нобэрей ди зэхьыкlэм дэ щыдгъэлъэгъуэнущ щIыуэпсым и щытыкlэмрэ фlыкъэзыхуэрееихь дунейр кхабзэу щыгъэтынымрэ ехьэлlауэ ди республикэм кхыщызэрэзэпэщыпхъэхэм техуауэ ди студентхэм яГъэхъэзыра я лэжьыгъэхэр.

Ямэу утыкум къращащ IV курсым щеджэ **Ахматов Артур**. Абы кхызэхуэсахэр щыгъуазэ хуищlащ езыр кхыщыхьуэ Гундэлэн къуэжьм, Іуащхьэмахуэ щIыналъэм хиубыдэм, дэс щIыхуэхэм я кlэрыкубжьэрыхуэхэр адэкlэ-мыдэкlэ зэрыщракъуэхьэр щIыуэпсым егузэнкlэ зэрыхъунум, ар къэмыгъэхъуным ехьэлlауэ ялэжьхэм, зи гугъу ищlу жылагъуэр кхабзэу щыгъэтынымкlэ хэкlыпlэу езым кхылъытэхэм.

Студентхэм яГъэхьэзыра проектхэм кхыщыгъэлъэгъуащ дыкъэзыхуэхьуреихь дунейр хъумэным хуэгъэзащlэ къраухьэжьэ Іуэхуэгъуэхэр зэрегъэфlэкlауэ щIыуэпсым, цIыхум и узыншагъэр щIыуэпсым и щытыкlэм зэрепхар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы екlэхэр хъумэным, ахэр ямыуфlеиным пыщlа кхалэн куэд зэрызэтрихьэр, республикэм ерыскъы щыIэзэпэщыгъэ и предприятэхэмрэ промышленностымрэ я кlэрыкубжьэрыхуэхэмрэ къадэхуэ пкъыгъэ быдэхэмрэ Налшык къалэ и Іэгъуэблагъэм куэдыщэ зэрыщыхъуар, абыхэм елэжьыжьну быхьэзIуаха заводыщlэхэм зегъэужьныныкlэ щыIэ Іэмалхэр зыхуэдэр, нэгъуэщlхэри. Яныныкъуэ проектхэр купщlафlэу икlи удэзыхьэжьу зэрыщытым гу льатащ зэIущlэм кхрихьэлlа нэхъыжьыфlхэм.

- Нобэрей зэхуэсым къекlуэлlа щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ кхыхэзгъэщlыну сыхуей рецензиитэ и щIыуэпсыр тэмэму щытыным зи гуащlэ хэзыlэхьэ Іэщlагъэлlэхэмрэ щIэныгъэлlэхэмрэ дяпэкlэ нэхъыбэжу диIэн зэрыхуейри, зэманым къигъэуэ кхалэнхэм зезыпщlытырыр, иджырей технологиещlэхэр кхэзыгъэlуныщlэфын куэдыкlей мы университетым щеджэ ныбжьыщlэхэм къызэрыфэхъынур си фIэщ зэрыхьэри, - жиlащ Биттиев Хьэким, зэхьыхэм къекlуэлlа студентхэм защlихуигъаззм.

ЗэIущlэм зи жэрдэм къыщыхэзыlухьа студент 20-м щIигъум ящыщу ятIэ увыпlэр хуагъэфэщащ «Гидрометеллург» ОАО-м мы зэманым и лэжькlэр зыхуэдэр и проектымкlэ екlуу къзэзыгъэльэгъуа, 4-нэ курсым щIэс **КIэрэф Оксанэ**.

ЕтIуанэ увыпlэр кхихьащ молибден зыхэлъ руда пкъыгъэм и кlэрыкубжьэрыхуэхэр цIыхум и узыншагъэм зэран зэрыхуэхъу щIыкlэм Іэзагъэшхуэ хэлъу зи лэжьыгъэм щытепсэлъыхьажа, медицинэмкlэ факультетым и 2-нэ курсым щеджэ **Шэрхъ Адисэ**.

Зэпеуэ щIыкlэу къызэрагъэпэща зэхуэсым ещанэ увыпlэр кхыщыпlыысащ «Чернобыль къэхуькъащlэр. Къриlуахэр» проектыр утыкум щызыгъэльэгъуа, химиемрэ биологиемкlэ факультетым и 4-нэ курсым щеджэ **Едэкъуэ Индирэ**.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Лъэпкъыл щэджащэ Къэрмокъуэ Хьэмид 80

Щ1эныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зи анэдэльхубзэр фIыуэ зыльгъэну, пщIэ ин зыхуэфащэ, адыгэ литературэм хуэлажьэ Къэрмокъуэ Хьэмид куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ахэр нэхъыбэу Iуэрыуатэмрэ литературэмрэ ятеухуащ икIи тхыльеджэхэм гунэс ящыхъуащ.

Къэрмокъуэ Хьэмид Гъузер и кIуэр Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1937 гъэм гъатхэпэм и 14-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къыуха нэужь, Къэбэрдей къэрал пединститутым филологиемкIэ и факультетым щIэтIысхьащ икIи екъуIэныгъэхэр иIэу 1960 гъэм къиухащ. ИльэситкIэ ар «Ленин гъэзэгу» газетым щылэжьащ, иужькIэ «Іащхьэмахуэ» журналым критикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэкIуащ. И эзфIэкIэр кьалъытэри, Къэрмокъуэм 1972 гъэм а журналым и редактор нэхъыщхьэ къуалыкъур къыхуагъэфэщащ. ИльэситхукIэ а кьалэныр игъэзэщIа нэужь, 1987 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу ягъэуващ. Къэрмокъуэ Хьэмид Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтщ.

ЩIэныгъэлIым и лэжьыгъэхэм щыIэпIэ ин щаубыдащ япэ лъэпкъ уэзэщIакIуэхэми, адыгэ литературэм и лъабжьэр зыигъэтIылъахэми, ди зэманым жыджэру абы щылажьэ тхакIуэ-усакIуэхэми я творчествэр зэпхърыхыным. Къэрмокъуэм тхыгъэ щхьэхуэхэр триухуащ нобэрей лъэпкъ критикэм и щытыкIэм, сабийхэм папщIэ къыдэкI тхылъхэм, усакIуэ нобэрей щIэхэм я лэжьыгъэхэм. Адыгэ лъэпкъэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр игъэхэр зэрыт тхылъ куэд Къэрмокъуэ Хьэмид къыдигъэкIащ. Газетхэмрэ журналхэмрэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ къытохуэ абы зэхуихьэсыжа тауры хъэмрэ хъыбархэмрэ. Лъэпкъым и цIыхухэм, псом хуэмыдэу сабийхэм, фIыуэ ялъэгъуащ Къэрмокъуэ Хьэмид и «Жыр пыIэ» (1970 гъэ), «Бажэ пшынэ» (1971 гъэ), «Таурыхъхэр» (1994 гъэ), «Нартхэр» (1996 гъэ) тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъэр нэхъыфIу зэрыцIыхун, абыхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГъэр нэхъри быдэ хъун папщIэ, ди лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ иIэщ нэгъуэщIхэм я художественнэ тхыгъэхэр анэдэлъхубзэкIэ зэдзэкIынми. Къэрмокъуэм а Iэхуэм гулъытэшхуэ хуещI. Адыгэбзэри урысыбзэри фIыуэ зэрищIэм и фIыгъэкIэ, Хьэмид а унэтIыныгъэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ. Абы зэридзэкIахэм я нэхъыбэр лъэпкъ тхыгъэ нэхъыфIхэм яхьхьащ. Апхуэдэхэщ Къаз-Джэрий и «Хьэжьитэгъуэй ауэзыр», КIашэ Адэлджэрий (Къаленбий) и рассказхэмрэ «Абрэджэхэр», «Іащхьэ щыгум» повестхэмрэ, КIэрашэ Тембот и «Шапсыгъ пщащэ», Лохвицкэ Михаил и «Уафэгъуэгъуэ макъ» повестхэр, «Шу закъуэ» романыр, Шинкубэ Бэгърат и «ЖьлакIэ», Къандур Мухьэдин и «Кавказ» романхэр. КъищынэмыщIауэ, адыгэбзэм къригъэжьагъащ Толстой Лев, Тургенев Иван, Горький Максим, Шолохов Михаил сымэ я тхыгъэхэри.

И лэжьыгъэфIхэр кьалъытэри, Къэрмокъуэ Хьэмид къыфIащащ «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Щэнхабзэ лъагэ

Нобэ къэбэрдей-шэрджэс диалектым зыгъэтIылъахэм яхэтхьым, сэ къызэрыщыхъуыкIэ, Къэрмокъуэ Хьэмид и бзэ дахэ гурыIуэгуэфIэмрэ къигъэсэбэп стилистикэмрэ хуэдэ зиIэ. Абы щыхьэт тохъуэ Хьэмид зэридзэкIа Къандур Мухьэдин и «Кавказ» трилогиемрэ хэхэс адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1кI къыхэхакIэ зэрыт «ЩIэинымтхылъымрэ. КъыхэгъэщIыпхъэу къызэлъытэ, «ЩIэиным» ихуэхэм ящыщу франджкI литературэм и классик ХьэпишэтIрэ (Аиссе) дунейпсо литературэм и классик ХьэтхуэуУмаррэ (Омер Сейфеддин) я IэдакъэщIкIэхэр зытет лъагапIэкIэ имыгъэлъэхъшэн Къэрмокъуэм къызэрехъулIар.**

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Уи тхыдэр умыщIэмэ, «къэплъэнэф» дзыр пхуэфащэщ

И махуэр щигъэлъапIэм ирихьIэу, тхакIуэ, критик, журналист, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI тельджэ Къэрмокъуэ Хьэмид упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Хьэмид, пщIэ зыхуэтщI нэхъыжьыфIым дынохъуэхъу уи ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуммкIэ. Лъэжьыгъэм гу кьабзэрэ псэ хьэлэмкIэ уэзрыбгъэдэтымрэ цIыхухэм къыбдалъагъу хьэл-щэн, ІуэхъущIафэ дахэхэмрэ куэдым я щапхъэгъэлъагъуэу укъоГуэгурыкIуэ. Уи сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ ехьэлIа уи гукъэкIыжхэм дыщыбгъэгъуэзамэ ди гуапэт.

- Илъэс пщыкIубгъу и ныбжьу, ди адэр дзэм хыхьащ, Кавказ дивизэм («Дикэ дивизэкIэ» зэджэм) хэтащ, Австр фронтым щызэуащ, дзэм кьыщыхэкIыжар 1918 гъэрщ. КъуитIрэ пхъуиплIрэ дриIащ ди адэм. 1942 гъэм 115-нэ шу дивизэм хыхьащ, а гъэм зауэм хэкIуэдащ - и кIуэдпIэ хъуам дыщыГъуазэкъым. Си кьуэшыр, Хьудин, илъэс пщыкIубл фIэкI хъуатэкъым фронтым щыIухьам - 1943 гъэм Крымск кьалэм дежь къыщаухIащ. Си шыпхъу нэхъыжь Лиуазэр нэхъыщIэ Ольгэрэ зэуащ, а тIум яку дэта си шыпхъухэр дунейм ехьжащ. Ди анэр 1946 гъэм лIащ. Адиани зыщхьэщыжьмытыж сабийм и сабигъуэм уеХъуэпсэнкъым...

Зеикъуэ ебланэ классыр къыщесхьэлIа нэужь, Налшык сыщеджащ. КIыщокъуэ Алим и жэрдэмкIэ Налшык къыщыдэIуахауэ щытащ интернат еджапIэ хьэлэмэт - аращ епщIанэ классыр къыщыдэуахар. 1955 гъэм ди университетым (абы щыГъуэ пединститутт) сыщIэтIысхьащ, ар къэзухри зы илъэскIэ Зеикъуэ егъэджакIуэу сыщыпсэжащ, итIанэ аспирантурэм сыщеджащ.

- КъБКъУ-р къэбуха нэужь, егъэджакIуэу лэжьэн зэрыщIэбдзам сыщыгъуазэщ. ИужькIэ, зы цIыху закъуэм и гуащIэу уи фIэщ мыхьуну Іэнатlэ, къулыкъу куэд зэпхъуэкIащ...

- Аспирантурэ нэужьым «Ленин гъэзэгу» газетым ильэситкIэ сыщыIащ, итIанэ «Іащхьэмахуэ» журналым, абы и редактор нэхъыщхьэу илъэситхукIэ сыпхъащащ. 1987 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI кьулыкъур кьыхуагъэфэщащ икIи илъэс пщыкIутIкIэ сыпэрытащ а Іэнатlэм. ИужькIэ «Адыгэ псалъэм» сыщыпсэжащ, пенсэм сыкIуэзу.

- «Адыгэ псалъэ» газетым илъэс зыбжанэкIэ ущылэжащ и кьыдэкIыгъуэхэр щIэджыкIакIуэхэм нэхъ щIэщыгъуэ ящызыщI тхыгъэ купщIафIэхэр уи Іэдакъэ къыщIэкIыу. Журналистикэр Іэщ1агъэ зыщIыну зи хъуэпсапIэ ныжьыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщхэмкIэ захуэбгъэзэнт?

- Газетым сыщылэжьэху, зы махуи сыщыхэкахьым, си щхьэм сыщытхьужьащIи. А лэжьыгъэм Іэпэ1эсэ урохъу, куэдым ухуеГасэ - абы щэч кьытесхьэркъым сэ. Литературэм щылэжьэн мурад зиIэ дэтхэнэми абыкIэ къыщIидзэн, ар тхакIуэм и япэ лъэбакъуэу щытын хуейщ. Тхыгъэ куэд тездзащ «Адыгэ псалъэм» - хьыбархэр, таурыхъ зэмылIэужьыгъуэхэр, ди лъэхъэнэ щыта тхакIуэхэм, лIыкIуэхэм, гуэзгурыкIуэхэм я гукъэкIыжхэр. «Іуэрыуатэ» напэкIуэцIыр къыздгъэпащIи, абы тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд кьытехуащ - ахэр ягу ирихьа си гугъэщ газетым еджэхэм.

- ИстамбылакIуэм и гуауэ хьэлъэр зыгъэва, дуней псом щыгъэбгрыдза хьуа адыгэхэм я щхьэм къриклуа гуэзвэгъуэм теухуауэ 60 гъэхэм утетхыхьыну мурад зэрыпщIам, абы тебухуа уи лэжьыгъэхэм я гугъу кьытхуэпщIамэ арат.

- Зи гугъу пщIым «ИстамбылакIуэ»-кIэ уеджэ хъуну си гугъэкъым. Бзыр арэзыуэ зыми ибгынакъым. Іуэрыуатэм - залымыгъэкIэ ирахуащ, ирагъэбгынащ. Абы теухуауэ мащIэ стхакъым... Сэ къызгурымыIуэр нэгъуэщIу: дунейм зихъуэжащ, Іуэгуэр зэІуахэм хуэдэщ, хэкум къэзыгъэзэжьын мурад зиIэм и лъэр яубыдыжьыкъым. Мыгурыдуэгъэр ди лъэпкъэгъуэр, «ИстамбылакIуэI»-кIэ уэгъэжар а Іуэгуэм техьэн зэрытемыгушхуэрщ. Мелуаниблым щIегъу хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр - дуней псом теткуъхащ. Ди лъахэмкIэ къэзыгъазэр, а Іуэгуэр къыхэзыхыр мащIэ дыдэщ. Европэм макIуэ, Америкэм мэІэпхъуэ. Гукъыдэж зыхуамылэр илъэс мин Іэджэ лъандэрэ зэрыса лъэхъэращ. Абы тетмэ, хамэ лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжьын зыхуэIуа щыІэкъым, я анэдэлъхубзэри кIуэдыкIынкIэ мэхъу - аращ псом нэхърэ нэхъ гузэвэгъуэр...

- Зыбгъэпсэхуну утIысыжа пэтми, тхэныр Іэщ1ыб зэрымыщIым, уи кьалэмыр зэрымыубзэщхъум, уэзрыжьыджэрым щыхьэт тохъуэ уи Іэдакъэ къыщIэкIа уи лжьыгъэфIхэр. Иджыпсту сытхэм нэхъ и ужь уит?

- ТхакIуэм кьалэмыр Іэщ1ыб ищIмэ, абы икIунур икIащ. Уи ныбжь дэнэ нэсами, кьалэмыр бгъэтIылъ хуэныкъым - сэ шэч кьытесхьэркъым абы. Арагъэнщ зы напэкIуэцI нэхъ мыхьуми махуэ къэси зыГуэр зэрыстхъыным сыщIыхуцIэкIэр. Иджыпсту сытыми и ужь сит? Ар ди зэхуэдэ щхэущ... Сыбзыщ1ынкъым: адыгэхэм я тхыдэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхылъ хьэлэмэт зыодзэкI, къызэхъулIэмэ, си насыпщ...

- Апхуэдэу уигу зыхуэхъабзэ лъэпкъым еш умыщIэу уэзрыхуэлажьэм, адыгэ Іуэрыуатэм, литературэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуэпщIар гуапэщ. Псом хуэмыдэу нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэ цIэрыIуэхэм я тхылъхэр адыгэбзэм къызэрибгъэтIасэр уаэсэнщэщ.

- Сэ шэч кьытесхьэркъым: тхакIуэм кууэр иджын хуейщ къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэр. Ар, дауи, тынш-къым, итIани арыншауэ хъунукъым: уи лъэпкъым и тхыдэр умыщIэмэ, «къэплъэнэф» дзыр пхуэфащэщ. Ди лъэпкъ тхыдэм япэ дыдэ щыГуаэз дзыхуэзыщIар Нэгумэ Шорэщ. Пэжщ, Шорэ и «Тхыдэм» къыщыщIидзар жыжьэхъым, щыуагъэ мащи Іэщ1экIакъым. Тхыдэм сыдэзыГэхьэхар Нэгумэм и пэжьыгъэуэ жыпIэ хъунущ. Гъуаэз тхуэхъун нэгъуэщI тхылъ диIакъым дэ ди зэманым. Къэбэрдейм и тхыдэр зыдж щIэныгъэлIхэр жыжьэ щамыгъэIэбэ лъэхъэнэт абы щыГуэм. Абыхэм я пщыкIэпIэ къыхэхуэ хъунутэкъым адыгэ лъэпкъэм тхыдэм гъуэгуанэ кIыхь къызэрыщIэзэпачар. КIыпIэзгъэззэжьнщи, зэманыр апхуэздэт. «Къэбэрдейм и тхыдэм фытетхыхьынумэ, революцэм къыщыщIэвдзэ» - ар узэбакъуэ мыхъун унафэт. Апхуэдэ унафэ зыщIхэм дэнэ щащIэнт (ящIэми ямыщIафэ зытрагъэуэн хуейт) адыгэхэм тхыдэм гуэгуанэ кIыхь къыщачауэ. Абы щыхьэт техьэуэ мащIэкъым. Хьэт къэралыгъуэм и закъуэ пхурикъунущ, щыхьэт ухуеймэ. Хьэтхэм я къэралыгъуэр иджырей Тыркум и къуэкIипIэ щIыналъэм щызэфIэувэгъащ илъэс минитIрэ щитхурэ и пэкIэ. А щIыналъэм къыщыщIэдзауэ Таманым нэс зиубГуауэ щытащ хьэтхэм (пасэрей адыгэхэм) я къэралыгъуэм.

Хьэтхэм къабГэдзсащ «кашкэ»-кIэ зэджэ нэгъуэщI адыгэ лъэпкъи. А цIэри къэсащ ди зэманым, нобэрей лъэпкъ зыбжанэ я цIэмкIэ кьоджж адыгэхэм: хъэрпхэр, куржыхэр, осетинхэр. «Касог» цIэм лъабжьэ хуэхъуащ ар, щIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, «къэзакъ» псалъэри абы кьыкIэ бзэнэкIэ. Іэм тезуэри си мурадт зы роман. Си жагъуэ хъур абы сыззрыхуэнэмысыпуращ...» Лермонтовыр Мэшыкъуэ лъапэ кьыщаукIащ а махуэм.

- Хьэмид, къэпкIуа Іуэгуэгъанэм урилъэжьмэ, зэфIэкIэрэ ехъулIэныгъэу ГъащIэм щызэбгъэхъулIар мащIэкъым. ЗэкIэ уи зэманыр зыхуэнэмыса лжьыгъэ щыIэ?

- ИльэсищэкIи нэхъыбэкIи упсэуами, уи мурад псомэ ухунэсынукъым. Зэманыр къызэмащIэкIра? Абы щэч хэлъкъым, ауэ зэрыхуэзэфIэкIкIэ іэзэгъэзаху ар: си чэзууэ слъытэр япэ изогъэщри, адрей псори абы пызогъаплъэ. Псоми хунэса щылэкъым. Уи Іуэгуэм зыгуэр зыгъэхъыбфмэ, абы ущогуфIыкI - уи зэманри уи Іуэгуэри псыхэкIуадэ хуэдэкъым итIанэ.

- Пэж дыдэщ. Иджы уи унагъуэм, уи щIэблэ дахэм я гугъу кьытхуэпщIамэ ди гуапэт.

- Унагъуэ насыпыфIэкIэ зыхъыдэжьэ хъуну къысфIощI. Си щхьэгъусэр, Розэ, псори дызэгурызыгъаIуэ унэгуащэщ. ЩIэблэ узыншэ кьытщIэхуащи, абы дыщогуфIыкI. Зыпхъуэрэ зы къуэрэ диІэщ - Маринэрэ Зауррэ. ТIури унагъуэ хъуауэ. Заур Москва щолажьэ, абы ипхъумрэ и къуэмрэ - Денизэрэ Алимрэ - Москва щоджэ. Маринэ Къуэдзокъэхэм я нысащ, Налшык дэсщ, зыпхъэрэ (Майе) зы къуэрэ (Ахьмэд) къыщIэкъуащ. Еджэныр кьаухуауэ ахэр лэжьыгъэ Іэнатlэ пэрытщ.

- Хьэмид, узынщагъэ, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ ущымыщIу, уи бынхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ я насыпым уи пэр щIигъэкIыну мы дуней дахэм Тхьэм утригъэт!

Епсэлъар **ТЕКIУЖЬ Заретщ**.

Еш ищIэркъым

Къэрмокъуэ Хьэмид хуэдэу ди лъэпкъ тхыдэм фIыуэ щыгъуазэрэ абы и литературэмрэ Іуэрыуатэмрэ нэсауэ хэзыщIыкIрэ къэгъуэтыгъуэйщ. А щIэныгъэлI жумартым бгъэдэль хъугъуэфIыгъуэр зыхуихьумэр и лъэпкъыращ. Ноби, еш имыщIэу жыхуаIэм хуэдэу, адыгагъэм толажьэ Хьэмид.

СЫТ и уасэт абы «Адыгэ псалъэм» щигъэхьэзыр напэкIуэцIэм укъыщеджэну! ГъащIэм и куупIэр, абы и зэхэтыкIэр зыщIэ тхакIуэм и Іэдакъэщ1экIэм нэхъри гъащIэм утрагъэгушхуэ, узэрыадыгэм ущыгуфIыкIрэ урипагэу уагъэпсэу.

Хьэмид и тхылъхэм, тхыгъэ щхьэхуэхэм яхэтщ балигъхэми сабийхэми яхуэгъэзахэр. Абыхэм кьеджэ дэтхэнэми и нэгу кьыщIохьэ адыгэ жьэгу пащхьэр, еблэмэ адыгэпсэм и бзуэкIэмрэ адыгэгум и кьеуэкIэмрэ зыхещIэ.

ЛъэпкъылIым хэлъын хуей хьэл-щэн екIуэкмкIэ къулейщ езы Къэрмокъуэм и псэри. ЖкIам тебгъуэтэж а цIыху щыпкъэр бгъэдэль гъэсэныгъэкIи, теплъэрэ зыIыгъыкIэкIи, зэрихьэ хабзэрэ нэмыскIи - сыткIи зыхэт гупым фIыкIэ кьаухащу апхуэдэщ. ПщIэмрэ напэмрэ, къулыкъумрэ мыпкъымрэ яIэзыгъэувэ щIыху пэжщ ди пащхьэгъуэр. Апхуэдэ хьэл-щэнхэращ абы дэтлъэгъуар республикэм и тхылъ тедзапIэ нэхъыщхьэм и тхэмадэщ кьалэныр щрихьэкIами, абы и уэкIкIэ зыпэрыта Іэнатlэхэми.

Іуэху гуэркIэ ухуэкIуами, псалъэ тэфэтелэ куэд жимыIэу чэнджещ щхьэпэ къуитынущ, гъэхуауэ, кIэщIу, купщIафIэу къыпсалъэурэ. Хьыбар гуэр къыIуэтэжра - усэ дахэкIей кьеджэ фIэкIа умыщIэу, Іурыльт ёзэ щэрыуэм удрегъэхьэхьеф.

ТхакIуэхэм, усакIуэхэм я ныбжьыр зы илъэс бжыгъэ гуэрым щынэскIэ, абыхэм я щIыхькIэ пшыхьэр, гуфIэгъуэ зэхуэхьэр жылагъуэм щрагъэкIуэкI. Ахэр утыку ирашэри я Іэдакъэщ1экIэхэм, я гъащIэм и кьекIуэкIыкIам, нобэрей я ІуэхущIафэхэмрэ мурадхэмрэ трагъэпсэлъыхь хабзэщ. Ебыт пащIэ кьызэрагъэпэщ апхуэдэ зэIущIэхэм Хьэмид зэрыпхуеблэгъэн щыIэтэкъым.

Сэ илъэс 30-м щигъэкIа телевиденэм сыщылэжьати, зэгуэр Къэрмокъуэр абы сшэуэ кьыщыщIэпсэлъэну схуэзэфэкIакъым. Апхуэдэу щытми, ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Іуэхущ1э куэдым я зэхэублакIуэщ, жэрдэмщIакIуэщ. Аращ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм ящыщ япэ дыдэу къэзыГуэтыжар, абыхэм хуэтхэн щIэзыдзар, ахэр адэжь щынальэм кьезыгъэблэгъар.

Адыгэм папщIэ Іуэхуг1уэфI куэд зэфIихащ Къэрмокъуэ Хьэмид. Абы хуэдэхэращ Хэкум и псэр, и дунейр зыгъэбжьыфIэр, зыгъэдахэр.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,
кинорежиссёр, драматург, тхакIуэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретщ**.

Лъагъуэхэш

Адыгэ щэнхабзэм и пащхьэ фIыщIэ куэд щызIэхэм ящыщ зыщ Къэрмокъуэ Хьэмид. Абы и гуащIэ зримыхьэлIа Іэнатlэ ди щэнхабзэм иIэу сщIэрхъым. Хьэмид тхакIуэ хужаIэрэ - хэбдзэн щымыIэу пэжщ. Пэжщ, литературэм и зэпхърыхакIуэри. Ар зэрыздзэкIакIуэ Іэзэм щэч къытезыхьэ срихьэлIакъым. Ауэ пэжщ ар зэрыжурналист Іэкlуэльакlуэри.

КУЭДЫМ ноби ящIэж абы кьигупсыса «Тхьэмахуэ» напэкIуэцIыр. ЛIащIыгъуэ планэм щIигъакIэ абы «Ленин гъэзэгу» (иужькIэ «Адыгэ псалъэм») и щэбэт къыдэкIыгъуэр игъэдэхащ. Ауэ ар щIэджыкIакIуэм фIыуэ щIилъэгъуар, дауи, куэду кьытехуэу гушыIэ, ауан тхыгъэхэрт экъым, Іуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэрт экъым. «Тхьэмахуэм» лэжьыгъэ ин зэфIигъэкIащ лъэпкъым зэрыльэпкъыр кьищIэжьын, и тхыдэм нэ жанкIэ ирилъэжьын папщIэ. БлэкIа лIащIыгъуэм и курыкупсэм хиубыда а лъэхъэнэм тхыдэм ипэжьIпIэм тепсэлъыхьыгъуэфIэу щытакъым нобэ хуэдэу. Ар «Тхьэмахуэм», ар зи Іэдакъэ къыщIэкIа Къэрмокъуэ Хьэмид и фIыщIэхэм ящыщ зыщ. ИужькIэ а напэкIуэцIхэр нэгъуэщI журналистхэм, тхакIуэхэм яГъэхьэзырыр къэкIуэкIащ. Ауэ лъагъуэ хэзышыми иукъуэдиГ ящыгъуэ нэхъыщхьэм зэрытетыным псори хущIэкъуащ.

Къэрмокъуэ-журналистми фIыщIэ щIыхьэщIыпхъэ нэгъуэщI зы Іуэхуи и гугъу сщIынут. «Газетыбзэ» жаIэу къокIуэкI куэд щIауэ. ЗэрыжаIэри яубуд. Абы щхьэусыгъуэ хэзхъуауэ кьыщIэкIынущ Іуэхугъуитl: адыгэ журналистикэр кьыщежьэн лъэпкъ журналист зэрыщымыIар, абы кьыхэжIыу, анэдэлъхубзэм и хабзэхэм хэзымыщIыкI куэд а Іэнатlэм зэрыпэрытар. ЕтIуанэу, урысибзэкIэ кьагъэхъ тхыгъэхэр адыгэбзэм игъэзэгъэным гугъуехьрэ шынагъуэу хэлъар. Дауэ хъуами, а псоми адыгэ газетыбзэр зэблашурэ кьекIуэкIырт.

ЕтIоцIанэ лIащIыгъуэм и хыщI гъэхэм а Іуэхум зэхъэжIыныгъэфI игъэту хуежьауэ якIпIэ зынущ. А зэманым газетым лэжьэн щыщIадзащ бзэ дахэ зыIурылъ тхакIуэ зыкъомым - Къэрмокъуэхэ Мухьэмэдрэ Хьэмидрэ, Елгъэр Кашиф, КIэщт Мухьэз, КъаГырмэс Борис, нэгъуэщIхэми. Къэрмокъуэ Хьэмид и бзэ Іэтlэлъатlэр, кьулейр, шэч хэмылъу, хэлIыфIыхьащ «псэемыблэжу кушышI даш», «оппортунистыгъэ хэлъу мэкъу йоуэ» хуэдэ тхэкIэр газет напэкIуэцIхэм тегъэкъэбзыкIынымк. Мис а лъэхъэнэм кьыдежьащ адыгэ газетым и бзэр гъэкъэбзэныр. ЩIэнхабзэмкIэ кьудамэм Хьэмид куэдрэ щымылажьами, абы и лъэныкъуэкIэ лъэужь дахэ хишащ. Нэхъыщхьэращи, нэхъыжьми нэхъыщIэми абы и щапхъэр кьащтащ.

«Адыгагъэ», «адыгэ хабзэ», «нэмыс», «щэн» нэхъыбэрэ кьыупсэлъкIэ сэбэныначъыщхьэ къыриклуэнукъым, ахэр щапхъэ нэрыльагъуэмкIэ щIымыгъэбыдэжкъ, Къэрмокъуэм иужь илъэсхэм тхыдэм, Іуэрыуатэм, литературэм теухуауэ игъэхьэзыра напэкIуэцIхэм мыхьэнэшхуэ дыдэ яIаэу кьысщохъу щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм егъэГуэтынымкIэ. Дауи, Хьэмид зытетхыхьхэм ятеухуауэ тхылъи кьыдэкIыу кьыщIэкIынщ, ауэ тхылъхэр унагъуэ кудэм ихьэу жыIэгъуэмэ, газетым щIэджыкIакIуэ зэрикуэдым уи фIэщ ещI а тхыгъэхэр щIыху минхэр кьеджажэ, дерс щхьэпи кьыхахауэ.

Илъэс хыщIым нэсауэ лъэпкъ Іуэхум телажьэ Къэрмокъуэм и Іуащ1эм цIэ лъагэхэри сауГэт лъапIэхэри мымащIэу кьыпэкIащ, ауэ уасэ зимыIэр абы и лэжьыгъэм хуащI пщIэр, дзыхьыр арауэ кьыщIэкIынщи, сэ Хьэмид сохъуэхьу дяпэкIи илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэпэжьэн папщIэ гъащIэ кIыхь, узынщагъэ быдэ, кьаГуэ мыкIуэщI иIэну!

МЭЗЫХЬэ Борис,
КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, тхакIуэ.

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(Пэщіэдзэр. Кіэухыр №№23-25, 27, 29-32, 37,38, 42-хэм итщ)

17

СЭРИ сыкъыщІэкІыжащ театр щэтырым, ауэ си лъакъуэхэм сахьыжьи ямыдэу сыкъырагъэкІуэтыжырт. Абы ирихьэлІэу сэ къэслъэгъуащ кассэ папщІэу къагъэсобэп Іэнэм Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр зэрыбгъэдэтыр.

Утыкум зэрита фащэр зыщихьжауэ, иджы абы щыгът уафэм хуэдэу къаущхьуэ бостей дахэ дыдэ. ЗэрымыщІэкІэ къысщхьэрыуэ ялэ лъагэуныгъэми, театрым щысльэгъуэ тельыджэхэми, аркъэ сызэфами апхуэдизкІэ си щхьэр ягъэунэзати, къэхъур къызэрыхъур къызгурыІуэжтэкъым, сэ къысщыхъурт си нэкъыфІэщхэмрэ пщІыхьхэмрэ сахэту, сльагъу псори мыпэж дыдэу.

- Уигу ирихьа ди пьесэр? - кьысхуэгуфІэурэ къызоупщІ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр.

- Егъэлеяуэ сигу ирихьащ, - жызоІэ сэ икІи зыхьзощІэ тегушхуэныгъэ кьыззэрысхьыар.

Уеблэмэ иджыпстуи, апхуэдизи илъэс дэкІыжа пэтми, сэ сыхуейт абы и цІэ дыдэр си хьыбарым къеджэхэм ящызгъэпщкІуну, ауэ сэ пэжыр зэрыпэжу вжесІэжыныр си хьэкъщ. Американ фильмхэм хэтхэр зэрызэрыщІыхум ещхьт ди зэрыщІыхкІэр.

- Джем.

- Гюльджиан.

- Уэ икъукІэ удихьэхыу икІи фІыуэ уджэгъащ, - жыІащ сэ. - Си нэр птезмыгъэкІыу сынопльащ.

Ар сэ нэхърэ куэдкІэ нэхъыжьу къыщІэкІащ жыжьаплъэу зэрыпльагъум нэхъри сэ къызэрысфІэщІам нэхъри. Абы къыхэкІыу сэ бэлыхь сыхэтащ къызэрыгуэкІ «уэ»-мкІэ абы зыхуэзгъэзэн папщІэ.

- Псыкъуийм и Іуэхуэхр дауэ кІуатэрэ?

- Си гугъэмкІэ абы игъащІэкІэ псы кьихьэунукъым, - кьызжьэдэкІащ сэ, илъэкыпІэкІэ: «Сэ Онгёрен зыщІыщысІэжьэр уэ сІэтащ гъун щхьэкІэт», - жысІэну сыхуеями. Ауэ а псалъэхэр абы гурбиныгъэу къыщыхьункІэ сышынащ.

- Дыгъуэпшыхь ди театрым уи гъэсакІуэр щыІат, - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм.

- Хэт?

- Мыхьмуд-Іэзэ. Абы шэч къытрихьэркъым псы къызэригъуэтынум. Абыи хуабжьу игу ирихьащ ди театрри,ди гъэпсыгъуэныгъэри. Дэ абы билет ещащ.

- ГъэщІэгъуэнщ, - жызоІэ сэ, а къэхъукъащІэм сризэгугъпами Мыхьмуд-Іэзэ сефыгъуаэу арами сэ езым схуэзхэмыгъэкІыу. - Ар игъащІэм театрым щыІакъым. Зэгуэрым сэ абы Эдип пащтыхьым и хьыбарыр, Софокл итхьажэу щытар, хуэсІуэтэжати, къысхуэгубжьат.

- Ар пэжщ, алыдж пьесэхэр Тыркум фІыуэ щалъагъуркъым.

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр пэжу хуейуэ пІэрэ сэ ар Мыхьмуд-Іэзэ есфыгъуІэну?

- Ар къыщІэгубжьар а пьесэм зэанэзэкъуэ щызэрышэжырти аращ.

- Дыгъуасэ губжьатэкъым, ди пьесэм и кІэухым зэадзэкъуэ щызэрыкІыжами, - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. - Уеблэмэ, абы игу ирихьащ пасэрей хьыбарыжьхэмрэ Іуэрыіуатэмрэ.

ГъэщІэгъуэнщ, а тІур спектакль нэужьым зэпсэльаэу пІэрэ? Си фІэщ схуэгъэхъугъэкъым сэ сыжея нэужь, Мыхьмуд-Іэзэ, дзэ къулькъум къыІэщІэкІа сэлэтхэм хуэдэу ГъэпщкІуаэу, дыгъуэпшыхь театрым зэрыщыІар.

- Мыхьмуд-Іэзэ хуабжьу тКІийщ, - жысІащ сэ. - Псы кьызэригъуэтыным и закъуэ ар зэгуфсысыр. Сэри театрым сыкъэкІуэу фІэфІтэкъым абы. Ныщхьэбэ сыкъызэрыкІуар сыкъинщІэмэ, иджыри кьызэшхьэнущ.

- Умыгузавэ, сэ сепсэльэнщ абы, - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм.

Сэ ар апхуэдизкІэ псыкъуиитІым есфыгъуІатэ, шы тэлайкІэ сымыпсэльэжьыфу сыщымащ. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ Мыхьмуд-Іэзэрэ зэныбжьэгъу хъуар пэж?

- Уи гъэсакІуэр Іейуэ къоныкъуэкъурз? - кьызэупщІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр.

- Пэжым ухуеймэ, ар адэм хуэдэу кьысхуущІ. Ауэ ар кьыщІогугъ абы жиІэ псори згъэзэщІэну, сыткІи есым седэІуэну.

- ЕдаІуэ-тІэ, сыт ди гугъуэ хэпльэ? - кьызэрыпІугуфыкІым хуэдэурэ жеІэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. - Абы зальымбгъэкІэ езым итъэсэн уищІауэ уиІыгъкъым... Фи унагъуэр мы зэманым ахъшэкІэ хуэмыщІа Іейуэ ара?

- Ди адэм дыкъигъанэри ежьэжащ, - зыкъэзымысыжащ сэ.

- ЗэрыжьпІэмкІэ, уи адэм уиПакъым, - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. - Абы щыгъуэм нэгъуэщІ адэ къэгъуэти, зэфІэкІащ. Мы къэралым псоми адэ зыбжанэ яІэщ. Къэралыгъуэадэ, Тхьэ-адэ, дзэзешэ-адэ, бжьджащІэхэм я пашэ-адэ... Адэ имыІэу мыбы зыри щыпсэуркъым.

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр зэрыдахэм хуэдэу губзыгъэуи кьысщыхъуащ.

- Си адэр марксистУ щытащ, - («Ар иджыри марксистщ», щІыжьымыІар сыт?) - Ар хьэпсым исащ илъэс куэдкІэ, хьэзабыр ирагъэшэчащ. Сэ абы щыгъуэ сыщыкІут.

- Хэтыт уи адэм и цІэр?

- Челик Акын. Ауэ ди хущхъуэщапІэм ди унагъуэщІэракъым фІащар, атІэ «Хьэятт» («Гъащ!э») зэреджэр.

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр щым хъуащ, гупсысэ жьжьэ гуэрхэм зэраубыдар нэрылъагъуу. Си адэр марксизу зэрыщытар абы апхуэдизу кьыщыфІэІуэхуар сыту пІэрэ? Армырауэ пІэрэ ар хэзыгъэгупсысыхьам и щхьэусыгъуэр? Ар ешащи, щыму щытыху зигъэпсэхуу арагъэнщ. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм сэ жесІэжащ «Хьэят» хущхъуэщапІэм си адэр жещхэсу щІэсу, сэ абы гъуэмылэ хэзсхьу зэрыщытар, Бешикташ и бззэрым и гъунэгъуу дызэрыщыпсэуар. Ар гупсхэу къедэІуащ си хьыбарым. Ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, сэ сфІэфІтэкъым си адэми Мыхьмуд-Іэзи я гугъу а пщыхьэщхьэм сщІыну. Дэ тІур тІэкІурэ щыму дыщысащ.

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ мыбы дыщопсэу, - жиІащ абы ауэдизрэ зи щхьэгъубжьэкъэм сепльэкІуа унэмкІэ и Іэр ищІурэ.

Сэ сыкъэуІэбжьащ икІи, уеблэмэ сыкъэгубжьащ, зыгуэрым гъэпцІагъэ къыскІэлъытэзырихьа нэхъей. Ауэ, чэф мащІэ зэрызгъэзам емыльытауэ, сэ кьызгурыІуэрт абы и ныбжьым и бзылъхугъэм, политикэ хуэмэбжьымэ зыщІихуа театр Іэпхъуэшапхъуэм щылажьэм, зы къалэм дэкІэ адрей къалэм дыхьэу Тыркур зэрыщыту кьызэхэзыкІухьым щхьэгъусэ иэнкІэ зэрыхъунур. Ар нэхъ пасэу щхьэ сигу къэмыкІарэ?

- Сыт хуэдэ къатра фи фэтэрыр зыхэтыр?

- Ди щхьэгъубжэхэр уэрамымкІэ щыпльагъуркъым. Дэ я пІэ къатым дыщопсэу, Онгёрен дыкъезыгъэблагъа маоист лІыжь гуэрым и фэтэрым. Тургай и адэ-анэр ищхъэ къэтым щопсэу. Ди щхьэгъубжэхэр хадэмкІэ гъэзащ. Тургай жиІащ уэ мыбдеж пщыхьащхьэ къэс щхьэгъубжэхэм уеплъурэ уэзрыщыщэкІуэр.

Сэ сыкъытащ, си щэхур нахуэу кьызэрыщІэкІам щхьэкІэ. Ауэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр гуапэу кьысхуэгуфІэрти, абы си уикІытэр сщигъэгъупщэрт. СльэмыкІыу сызыІэпызышэр абы и Іуп пІащэ дахэхэрат.

- Уи жащ фІы ухъу, - жысІащ сэ. - Спектакльр икъукІэ хъарзынт.

- Хьэуэ, кхъыІэ, тІэкІу къэдгъэкІыхь. Сэ сфІэгъэщІэгъуэнщ уэ сынодэІуэну.

Кьызэрыхъурэ Іэджэ щІа мы си хьыбарым нобэ къеджэжэм яхэт иджырей ныбжьыщІэхэм яжесІэн хуейщ мыр: бостей кьащхъуэ дахэ зыщыгъ, зи напэр зэкІужу ла (хуейм, ар театр гриму щрет), зи ныбжьыр илъэс щэщІым мащІэу щІигъуэ щІыхуб лъагурІуэафІэм жэщыр сыхьэт пщыкІуэм и ныкъуэм: «ТІэкІу къэдгъэкІухь», - кьыбжьИэныр а зэманым щыІа щІыхухъуэхэм ехьэкІи кьехьэкІи хэмылъу къагурыІуэнут, кьикІри зыт. Пэжщ, сэ апхуэдизкъм сащыщтэкъым - зи япэ гурыщІэр зымыбзыщІыф лицеист щІалэщІэу сыаркъуедят. КьищынэмыщІауэ, а Бзылъхугъэм щхьэгъусэ иІэт. Пэжщ, дз дыздэщыІэр Анадолэтэкъым, нэгъэущІу жыпІэмэ, Азиерратэкъым, атІэ Европэ лъэныкъуэрат. Ди псалъэмакъри си адэр зи телъхьэу щыта социалистхэм ятеухуа хуэдэу хъуат.

Дэ зыгІэкІуэр дызэмыпсалъэу кьэткІухьащ. Онгёрен и уафэм вагъуэхэр щыплъагъуртэкъым, мафІэгу станцым кьедза утым ит Ататюрк и фэеплъым егъэкъуаэу зыгуэрым лъакъуэрыгъажэ къыщигъэнащ...

- Абы политикэ гугъу кьыпхуащІрэт? - кьызэупщІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр.

- Хэт?

- Уи адэм.

- Хьэуэ.

- Уи адэм и ныбжьэгъуэр фи гуэ кьихьэртэкъэ? - кьыспкъэрыупщІыхьын щигъэтыртэкъым абы.

- Си адэр езыр унэм куэдрэ щІэтэкъым. Ауэ си адэри, си анэри зэи хуеякъым сэ политикэ Іэхуэхэм зыдезгъэхьэхыну.

- ГъэщІэгъуэнщ уи адэр абы зэрыхуэмеяр...

- Сэ тхакІуэ сыхъуну сыхуейщ.

- ИтІанэ дэри пьесэ тхуэптхынщ, аракъэ? - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм, а и гуфІэкІэ щабэмкІэ кьысхупугуфыкІыурэ. - Сэ хуабжьу сыхуейт зыгуэрым сэ стеухуа пьесэ е тхьилъ итхыну, си гъащІэр кьызэрекІуэкІа псори абы кьышІыщІэкъуэуэ.

- ИпэжьпІэкІэ сэ драматург сыхъуну арат сызыщІэхъуэпсыр, - жысІащ сэ. - Ауэ абы папщІэ сэ пьесэ куэд сыкъеджэн хуейщ. Ялэ классикэ пьесэу сэ сыкъыщызджэнур Эдип пащтыхьым теухуарщ.

МафІэгу къуэвыІэпІэм къедза утыр а жащым ещхьт хъарпшэру фІэкІа сымыщІэж гукъэкІыж жыжьэм. КІыкІым щІиуфэрт Онгёрен кьаІэ щыкІыи и сфейцеягъымрэ хуэмыщІагъымрэ. Уэрам уэздыгъэхэм я нэху гуэжьыфэ фагъуэм вокзалым и унэмэрэ абы и Іэгъуэблагъэмрэ апхуэдизкІэ гъэщІэгъуэн щІэхъуКІырти, поштт открыткэхэм сурэту тебдзэ хъунт. Утым хъурейуэ къекІуэкІ патруль машинэм ирГъэдз нэхум тетІысхьэпІэ щІагъым зыщцызыгъэпщкІу хьэпшыр зэрыбын кьыщигъэщащ.

ЗэзыдзэкІар

КЪЫП (Ныбжь) Таисэщ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Светланэ:

Фіыуэ слъагъу псори си псэщ

● Дифі догъэлъапІэ

И утыку итыкІэ екІуакІэ республикэм щызэхащэ дауэдапщэ куэд зыгъэдахэ, щыпкъагъэр зи хьэл, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щІыхь зиІэ я артистхэ Тхьэгъэлэдж Светланэ адыгэ дунейм фІыуэ щалъагъу, ди зэманым и уэрэджэныкІэхэр пэрытхэм ящыщщ. Абы макъ дахэ зэриІэм, уэрэд жьІэным къызэрыхуигъэщІам куэд щыгъуазэщ. А цІыху щабэм и дуней епльыкІэр тфІэгъэщІэгъэну упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Иужьрей зэманым уиІа екъуІэныгъэхэм зыІэрыбгъэхьа лъагапІэщІэхэм теухуащ си ялэ упщІэр.

- Уи щхьэ Іуэху зэрыдэбгъэкІыным фІэкІа кьыпфІэмыІэхуэмэ, сыт хуэдэ ІэнатІэми лъагапІэфІхэр щызыІэрыбгъэхьэфынущ. Иужьрей зэманым си щхьэ Іуэхур, зэстрадэ лэжьыгъэр згъэмащІэн хуей хъуащ. Псэ ныгъэм ехьэлІауэ гъащІэм кьытхуигъэув кьалэнхэм си закъуэ сеувэлІэн хуей щыхъум, а Іуэхум гулъытэ нэхъыбэ езмыту хъуакъым. Си щІалитІыр гъащІэм лъэ быдзкІэ зэрыхэзгъэувэным тегъэщІауэ щытащ си кьалэнхэр. Сызгъэкъэжьэнэн щІыІуэ кьыщІэкІынщ, ауэ унагъуэм, быным нэхъапэ дэтхэнэм и дежкІи, ар эстрадэм и цІыхуу щытми, щыІэкъым. Гъуэзджэм сызэрыхэтрэ апэ изгъэщІри си унагъуэрщ, си бынитІырщ. ГъащІэр тхъэгъуэ защІэу зэхэлъхьэм, сэри куэдрэ гугъу сехьащ. Си щхьэ щызгъэщхьэн хуей щыхъуаи кьыскъухуихуащ, ауэ щыхъугъэ схэлъэкІащ а гугъуехь псоми. СиІэ псори си къаркІэ зэзгъэпэщыжащ. ДапэкІэ си псэм фІэфІ Іэхуэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэсщІынущ.

- Уи репертуарым иужьу кьыхьыба уэрэдхэр уи творчествэм и псыІэрышэу кьэплъыхьэ хьунущ, абыхэм псэщІэ яхэлъщ, зэманым докІу. Гу зылъыстащи, щІыхухэм я дежкІэ щІэпщІэ щаІэщ. А уэрэдхэр пхуэзытххэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- Си къару, зэфІэкІ кьызэрихькІэ си лэжьыгъэм сыпэрытщ. 2013 гъэм дуэт программэ щыІауэ щытащ, абы иужькІэ концерт щызэхьэзыщІыну мурад щІэтащ, щхьэусыгъуэ гуэркэр зэран кьыскъухьури, кьэнэжащ. Иджыпсту уэрэдщІэр дунейм кьытезгъэхьэну согъэхьэзыр. Абы и псалъэхэр зытха Вындыжь Марие фІыщІэ ин хуэсщІыну сыхуейщ. Марие и псалъэ дахэ зыщІэпІэ уэрэд куэд жьІоІэ. Тхьэм иджыри куэдрэ тхуигъэсэу, тхуигъэлажьэ. Багъэтыр Нинэ, Сэхъу Хьэсэн, Вэрокъуэ Валерэ сыми апхуэдэ псалъэ гуапэ яхуэфащщ. ПщІэшхуэ зыхуэсщІхэм ящыщщ Лосэн Тимур. Дахагъэу щыІэр, ар гъэсэныгъэ, хабзэ, цІыху щыкІэ ирехъу, Алыхьым абы кьыбгъэдилъхьам ярейщ, апхуэдизкІэ щыщу нэгъэсащи. Абы и уэрэдищ тыгъэ кьыскъуищІауэ жызоІэ. Ахэр си гум, си псэм щыщ хъуащ, си гугъэщ цІыхуэхэми ягу ирихьу.

- ГъащІэм къару къыщюзытыр сыт?

- СимыІэр, сызыщІэхъуэпсыр зэзгъэхьулІэным къару кьыскъелъхьэ. Си зэфІэкІ хэзгъаскъуэкІэ, си быным екъуІэнныгъэ яІэти, сэ хуэдизу схохъуэ. Си щІалитІыр си дамэ зырызщ, сыпсэуху а дамитІыр стетмэ, сынасыпыфІэнущ. Абыхэм я насыпыр куу рагъэпэща зэхьэзэхуэм хэтащ илъэс 16-17 ныбжьым ит пщащэхэр. Налшык и мызакъуэу, абы кърихьэлІащ Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэм, Шэрэдж, Шэджэм щынальэхэм я спортсменхэри.

Удихьэхуу екІуэкІа джэгуГъуэхэм гуп псоми хъарзынэу зыкъыщагъэзгъуащ. Арщхьэкіэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ СОШ №32-р. Владикавказ къикІа-кІэ етІуанэщ. Ещанэ увыпІэр ШэрэдЖ щІыналъэм и командэм зыІэригъэхьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

Нэгузыужь зэхьэзэхуэ

Налшык дэт курыт еджапІэ №32-м щекІуэкІащ волейболымкІэ щІыхубз командэхэм я кьалэ зэпеуэ.

НАЛШЫК кьалэ администрацэм физкультурэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ и управленэм, сабий-щІалэгъуалэ спорт школ №91-нэм кьыщызэрагъэпэщащ. Ар Налшык и мызакъуэ, абы кърихьэлІащ Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэм, Шэрэдж, Шэджэм щынальэхэм я спортсменхэри.

Удихьэхуу екІуэкІа джэгуГъуэхэм гуп псоми хъарзынэу зыкъыщагъэзгъуащ. Арщхьэкіэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ СОШ №32-р. Владикавказ къикІакІэ етІуанэщ. Ещанэ увыпІэр ШэрэдЖ щІыналъэм и командэм зыІэригъэхьащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Сабийхэмрэ псэущхьэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ библиотекэм и хэзыгъэгъуэзэхъыбарегъащІэ кьудамэм щІэхъущІэхыуэ ирегъэкІуэкІ сабийхэр дыкъэзыухъуреихь дунейм и щхэхуэм хэзышэ Іуэхугъуэхэр.

ЗИ чэзу зэІущІэр зэхьэлІар дэтхэнэ зы унагъуэми щыхэгъэрей икІи псоми фІыуэ тлъагъу джэдухэр. Абыхэм я псэукІэм, зыри пэмыплъауэ кьызэкъуах Іущыгъэм, нэгъэущІхэми щытепсэлъыхьащ Пушкиным и цІэр зезыхь курыт школ №5-м и 1-5-нэ классхэм щеджэ цІыкІухэр зыхэта нэгузыужь зэІущІэм. Псалъэм папщІэ , школакІуэхэм кьащІащ, илъэс мини 5 и пэкІэ цІыхум Іэрыпі ищІа а псэущхьэ дахэхэм я бжыгъэр мелуан 600-м зэрынэсар. Джэду пІэужьыгъуэу нобэ дунейм 250-рэ тетщи, хэти цы кІыхьщ, хэти джафэщ, я теплъэмрэ плъыфэмрэ бжыгъэнщэщ.

ЕджакІуэхэр зэпеуад джэдухэм ятеухуа тауральхэмрэ литературэ тхыгъэхэмкІэ, зэпплъа мультфильмхэмрэ кинофильмхэмкІэ.

«ФІыуэ слъагъу си джэду» фІащауэ сабийхэм ящІа суРэтхэмрэ, джэдухэм ятеухуа тхьилъхэмрэ щагъэлъэгъуащ мы зэІущІэм.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Гугъэр Іуэхукіэ яхущІэгъэбыдакъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Балтика» (Калининград) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 12-м. ЦІыху 600 еплъащ.

Судьяхэр Чистяков (Іуззэв), Хатуев (Грозный), Клепцов (Дон Іус Ростов).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Дашаев, Мэкъуауэ (Семёнов, 62), Мурачёв, Крамаренко (Ахриев, 86), Багъэтыр (Бойчук, 72), Мухьэммэд (Гъурф, 59), Дроздов, Войнов, Ахьадов.

«Балтика»: Фролов, Каленкович, Скопинцев, Тимошин, Концедалов, Ярошенко (Елисеев, 65), Родионов (Подбельцев, 84), Цимбал (Малеев, 54), Кухарчук, Приниченко (Сердюк, 88), Гафар.

Дагъуэ къыхуащІащ Даашаевымрэ Тимошиныбмрэ.

МАХУИПЛІ ипэкІэ Мэкъуу щыІэу пашэм къызэрыпімыкІуэтам (1:1) «Спартак-Налшыкым» дэщІэм я гугъапІэхэр къигъэщІэрэщІэжат. Гъатхэм щІэзыдзэжа зэхьэзэхуэм ди щІалэхэр зэрыкІуэрэ ЗэрыкІэ хуэхьэзыру абы кьыщигъэхъуат, арщхьэкІэ Налшык къыщыкІэлъыкІуа зэІущІэм мащІэу игъэсабыпэжахэщ.

Калининград и «Балтика»-р турнир таблицэм и кІэух дыдэ увыпІэм щытым яПэ зэрищар зы очко закъуэ иКІи къикІуэтыпІэ иІэтэкъым. Ар къальытэри щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэм абы и тренер нэхъыщхьэу яГъуэващ Мэзкуу и «Локомотив»-м щылэжьа Черевченкэ Игорь. КьрикІуари нэрылъагъущ: яПэщІыкІэ гъатхэпэм и 8-м Астрахань икІа «Волгарь»-р и стадионым щыкигъэщІащ, иджы Налшык зы очко ирешІ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Балитика»-мрэ я зэпэщІэтныгъэр нэхъ хьэлэмэтыж ищІырт а тІури яПэ дивизионым къыщыкІэрыхуухэм зэрахьихьам икІи абы кьыхэнэн папщІэ зыр адрейм зэран хуэхьуфынут. Мы зэІущІэм къыщІахьа си очкори тІуащІэ хъурт, и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зым кьызэрыІэщІагъэкІам кьыхэкІыу.

Дэ, дауи, дыщыгугъырт ди щІалэхэм текІуэныгъэр зыІэрагъэхьэну. Арщхьэкіэ хьэщІэхэм апхуэдэ Іэмал къратакъым. Зэрыгугу абы-хэм я гъуэр кьрагъэбыдэкІащ икІи зэрытемыгъэкІуэныгъэм зэрителъхьэр занщІэу наІуэ кьащІащ. Апхуэдэ щытыкІэм налшыкдзэхэм пагъэувыфа щыІэхэмкІ я гъуащхьауэхуэу ПІуп Исльам, Бажэ Амир, Гугуев Магомед сымэ иджыри зэрысымэджащ.

Пэжщ, Дроздовми, Дашаевми, Крамаренки, Ахьэдовми Іэмал гуэркэр кьахуэкъуэкІат кьыхэжанэкІыну, арщхьэкІэ ахэр нэсу кьахуэгъэсэбэпакъым. Арати, бжьгъэр кьызэІуамыхуэу джэгур ихуащ. Абы «Спартак-Налшыкым» арэзы кьыщІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Ялэрауэ, турнир таблицэм аргуэру къыщекІуэтэхыжри, ар кьыкІэрыхуухэм яхьэжащ. ЕтІуанэрауэ, кьыкІэкІуэ джэгуГъуэкэр Санкт-Петербургрэ Тюменьрэ зэкІэлъхьэжьу щриГъэкІуэкІнущи, уаззрыщыгугъыщІэн щыІэу кьыщІэкІынукъым.

Абы щыгъуэми ди хьэрхуэгъэру псоми я очко бжыгъэм хагъэхъуащ. Къапщтэмэ, Астрахань и «Волгарь»-м и стадионым щыкигъэщІащ Санкт-Петербург икІа «Зенит-2»-р икІи абы и фІыгъэкІэ ди яПэ ищащ. Я Іуэхуэхр ирагъэфІэкІуэж «Мордовия»-м, «Сокол»-м, «Сибирь»-м, «Кубань»-м. КІэщІу жыпІэмэ, «Спартак-Налшыкым» мы гъатхэм бэнэныгъэ гуащІэ кьыпэщыщІыщ. Абы зэрыпэлъэщыщ елъытащ кьыкІэлъыкІуэ зэхьэзэхуэм зыхэтыну гупыр.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ ящэ дивизионым иужьу щыІа зэІущІэхэм къарикІуа бжьгъэхэм. Мис аха: **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Енисей»** (Красноярск) **3:1**, «Тосно» (Ленинград область) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **2:2**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Кубань»** (Краснодар) - **0:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Динамо»** (Мэзкуу) - **0:2**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **4:3**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **1:0**, **«Химки»** (Химки) - **«Факел»** (Воронеж) - **0:0**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Сокол»** (Саратов) - **1:1**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Шинник»** (Ярославль) - **0:1**.

КьыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» гъатхэпэм и 18-м ирегъэкІуэкІнущ. А махуэм ди щІалэхэр Санкт-Петербург кьалэм щаІуащІэнущ щІыпІэ «Зенит-2»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Динамо»	26	17	7	2	43-18	58
2.	«Тосно»	26	14	9	3	44-20	51
3.	«СКА-Хабаровск»	26	11	10	5	32-21	43
4.	«Спартак-2»	26	11	7	8	40-30	40
5.	«Шинник»	26	10	9	7	29-23	39
6.	«Факел»	26	10	9	7	25-22	39
7.	«Енисей»	26	11	5	10	31-29	38
8.	«Тамбов»	26	9	8	9	25-23	35
9.	«Химки»	26	8	10	8	25-31	34
10.	«Луч-Энергия»	26	9	6	11	20-28	33
11.	«Тюмень»	25	8	9	8	29-30	33
12.	«Кубань»	26	7	11	8	27-28	32
13.	«Зенит-2»	26	7	11	8	29-31	32
14.	«Сибирь»	26	6	12	8	21-26	30
15.	«Волгарь»	26	8	5	13	27-35	29
16.	«Спартак-Налшык»	25	6	11	8	19-21	29
17.	«Сокол»	26	5	13	8	28-38	28
18.	«Мордовия»	26	7	5	14	25-36	26
19.	«Балтика»	26	3	12	11	16-28	21
20.	«Нефтехимик»	26	4	7	15	19-36	19

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къэрдэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеухуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ящхьэхьыныр и пщэдэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуасэ щІэ и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэныжьыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкІ Соня**, *редактору* **ЖылаСэ Замир**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аллэт** *(1, 2-нэ нап.), компьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суРэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 3.711 ● Заказ №303